# Аннотация
# к учебной программе по кабардинскому языку и литературе

5-нэ классым адыгэ литературэмк1э рабочэ программэр зэхэлъхьа хъуащ Егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э КъБр-м и Министерствэм къищта автор гупым зэхигъэува «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэмк1э 5-11-нэ классхэм папщ1э программэм» (Налшык, 2010) ипкъ итк1э, Багъ Н. А., Балэ Л. Ф., Агъырбэ З. Т. ятха «Адыгэ литературэ. Учебник-хрестоматие 5 класс» (Налшык: «Эльбрус», 2010) тхылъым тещ1ыхьауэ. Рабочэ программэр сыхьэт 68-м къриубыдэу егъэджыным теухуащ, зы тхьэмахуэм и к1уэц1к1э сыхьэтит1 хуэзэу.

## Адыгэбзэр 5-нэ классым щегъэджыным мыпхуэдэ къалэн къегъэув:

Ныбжьыщ1эхэм литературэм къыхахыу зэхэщ1ык1 лъагэрэ гъэсэныгъэ дахэрэ яхэлъу къэгъэтэджыныр; ц1ыхугъэм и щапхъэр, гуп хэтык1э хабзэхэр, благъэми хамэми яхуэфащэ пщ1эмрэ нэмысымрэ къагуры1уэу, Хэкур ф1ыуэ ялъагъуу, жылагъуэ 1уэхухэмрэ щхьэзакъуэ гурыгъухэмрэ зэрагъэзэгъыфу, дэтхэнэми лъысыпхъэ пщ1эр хуащ1ыжу къэхъуныр;

Литературэ образ щыпкъэхэр и гъуазэу щ1эблэр жылагъуэ гъащ1эм хэшэныр, ныбжьыщ1эхэм я зэчиймрэ зэф1эк1ымрэ къызэ1уегъэхыныр, дунейпсо ц1ыхубэм хигъэщхьэхук1а лъап1энығъэ нэхъыщхьэхэр къыгуры1уэу, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ хуэпэжу къэгъэхъуныр, лъэпкъхэм яку дэлъ ныбжьэгъугъэр гъэбыдэн, ц1ыхухэм шынагъуэншагъэ псэук1э къахузэгъэпэщыным и бэнак1уэу къэгъэтэджыныр;

Еджак1уэхэр я анэдэлъхубзэк1э зек1уэ 1уэры1уатэмрэ тхыгъэ нэхъыф1хэмрэ щыгъуазэ щ1ыныр, абык1э хуэфащэ пщ1эр анэдэлъхубзэм хуащ1у ик1и иригушхуэу къэгъэхъуныр, лъэпкъ литературэм и тхыдэмрэ нобэрей и щытык1эмрэ кууу щыгъэгъуэзэныр, абы и жанр нэхъыщхьэхэр, и тхыгъэ нэхъыф1хэр къагурыгъэ1уэныр;

1уэры1уэтэм и л1эужьыгъуэхэр, литературэ тхыгъэхэр псэк1э зыхащ1эу, зэпкъырахыфрэ абы хэлъ ф1агъхэмрэ щыщ1эныгъэхэмрэ литературэмрэ тхыдэмрэ ящыщ щапхъэхэр къагъэсэбэпурэ къагъэнэхуэфу, езыезыхэми псалъэр эстетикэм и хабзэк1э ягъэшэрыуэфу, литераткрэр гъуазджэм и нэгъуэщ1 пкъыгъуэхэм зэрыдэгъуэгурык1уэмрэ къызэрыщхьэщык1ымрэ 1упщ1у зэхащ1ык1ыу егъэсэныр.

## 5-нэ класс къэзыуххэм яхузэф1эк1ын хуейщ

**ЖьэрыIуатэу:**

- художественнэ тхыгъэхэм гупсэхуу, гъэхуауэ къеджэн. ГукIэ зэрагъэщIа усэхэр е пычыгъуэхэр къекIуу, щымыуэу жаIэжыфу щытын;

- классым щаджа тхыгъэхэм я купщIэхэр къаIуэтыжыфу егъэсэн;- щыгъуазэ зызыхуащIа тхыгъэхэм хэт лIыхъужьхэм я IуэхущIафэ щхьэхуэхэм тепсэлъыхьыфу, нэгъуэщIхэм ирагъэпщэфу щытын;- езыр-езыру унэм щаджа художественнэ тхыгъэхэм, ягу ирихьа сурэтым, ялъэгъуа кинофильмым тепсэлъыхьыжын;- илъэгъуа е зи тхыгъэ еджа тхакIуэм и сабиигъуэм теухуауэ кIэщIу къэIуэтэжын. Яджахэр я щапхъэу къуажэхь, псалъэжь, псысэ кIэщIхэр зэхалъхьэфу щытын.

**Тхыгъэу:**

-зэджа тхыгъэхэм е пычыгъуэхэм я план зэхэлъхьэн, абы ипкъ иткIэ тхыгъэ мыинхэр ятхыфу щытын;

-щыгъуазэ зызыхуащIа тхыгъэхэм, абыхэм хэт лIыхъужьхэм, сурэт ялъэгъуам, псалъэжь щхьэхуэм, и нэгу щIэкIа Iуэхугъуэ гуэрым теухуауэ сочиненэ кIэщIхэр зэхэлъхьэн.

**5-нэ классым щеджэхэм яIэн хуей щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ**

**ЕджакIуэхэм ящIэн хуейщ:**

- яджа художественнэ тхыгъэхэр зи IэдакъэщIэкIхэр, абыхэм я гъащIэм теухуа хъыбар кIэщIхэр; зэджа тхыгъэхэр зытеухуахэр, абыхэм я сюжетхэмрэ хэт лIыхъужьхэмрэ; гукIэ зэрагъэщIэну къэгъэлъэгъуахэр;
- литературэм и теориемкIэ зэхэщIыкIыныгъэ пыухыкIахэр: IуэрыIуатэкIэ зэджэр, абырэ литературэмрэ я зэпыщIэныгъэр, литературэ псысэр, литературэм и пкъыгъуэхэр, усэмрэ прозэмрэ я зэщхьэщыкIыныгъэхэр, эпитетыр, зэгъэпщэныгъэр, къэгъэпсэуныгъэр, н.

**ЕджакIуэхэм яхузэфIэкIын хуейщ:**

- щыгъуазэ зызыхуащI тхыгъэхэм Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр къыхагъэбелджылыкIыныр;
- зэджа тхыгъэхэм щекIуэкIхэр къыщыхъу зэманыр, къыщIэхъу щхьэусыгъуэхэр къахутэныр; литературэм и теорием теухуауэ щыгъуазэ зызыхуащIа художественнэ Iэмалхэр ящIэныр, зэджа тхыгъэхэм ахэр къыхагъуэтэныр;
- егъэджакIуэм игъэув упщIэхэм япкъ иткIэ зэджа тхыгъэхэм хэт лIыхъужьхэм тэмэму тепсэлъыхьыныр.
- художественнэ тхыгъэхэм гъэхуауэ къеджэныр, зы дакъикъэм псалъищэ е щэрэ пщIырэ и псынщIагъыу;
- тхыгъэ зэджахэм щыщ пычыгъуэ щхьэхуэхэр жьэрыIуатэуи тхыгъэкIи къэIуэтэныр, абыхэм хэт лIыхъужьхэм тхыгъэуи жьэрыIуатэуи тепсэлъыхьыныр; тхыгъэ цIыкIу зырызхэм план хуэгъэувыныр, лIыхъужь щхьэхуэхэм теухуауэ жьэрыIуатэу рассказ зэхэлъхьэныр;
- классым щаджа е езыр-езыру щыгъуазэ зызыхуащIа тхыгъэхэм жьэрыIуатэу рецензэ етыныр, езы еджакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэр щыгъэбелджылауэ.

**5-нэ классым адыгэбзэмк1э** зэрыщылажьэ программэр зэхэлъхьащ илъабжьэмк1э къыщыгъэлъэгъуа документхэм, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей_Балъкъэр Республикэм ц1ыхубэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымк1э къищта Законхэмрэ концепцэхэмрэ япкъ итк1э:

1.Федеральным законом Российской Федерации от 29 декабря 2012 г. N 273-ФЗ "Об Образовании в Российской Федерации".
2. Законом КБР «Об образовании» от 24 апреля 2014г.
3.СанПиН 2.4.2.2821-10, «Санитарно - эпидемиологические требования к условиям организации обучения в общеобразовательных учреждениях» от 29.12.2010 г. № 189, зарегистрированным в Минюсте Российской Федерации 3 марта 2011г. № 19993
4.Федеральным государственным образовательным стандартом основного общего образования, утвержденным приказом Министерства образования и науки Российской Федерации от 17.12. 2010 г. № 1897
5. Федеральным перечнем учебников, рекомендованных (допущенных) Министерством образования РФ к использованию в образовательном процессе в образовательных учреждениях, реализующих образовательные программы общего образования на 2014-2015 учебный год
6. Учебным планом МКОУ СОШ им. А. Я. Масаева на 2015-2016 учебный год.
7. Положением о рабочей программе МКОУ СОШ им. А. Я. Масаева с.п. Ерокко
8. Приказ МКОУ СОШ им. А.Я.Масаева с.п.Ерокко «О переходе на обучение по федеральному государственному стандарту основного общего образования» № 59-ОД от 03.04.2015г.

**Зэреджэну тхылъыр**: Джаурджий Хь.З., Мэшыкъуэ А. М. «Адыгэбзэ 5 –нэ класс», 2013 гъ. къыдэк1ар.
Апхуэдэу къагъэсэбэпыпхъэщ Джаурджий Хь.З. и «Орфографиемрэ пунктуацэмк1э лэжьыгъэхэр»
«Адыгэбзэмк1э методическэ чэнджэщхэр.»Джаурджий Хь.З. Дзасэжь Хь.Е.

**Адыгэбзэр 5-нэ классым щегъэджыным мыпхуэдэ къалэн къегъэув:**

тэмэму псэлъэнымк1и, тхэнымк1и, абы хуэдэ дыдэу гъэхуауэ къеджэнымк1и еджак1уэхэм я1э есэныгъэхэр егъэф1эк1уэн; я бзэр тэмэму яухуэфу,дэтхэнэ псалъэри егупсысауэ къагъэсэбэпыфу егъэсэн;

еджак1уэхэм етын фонетикэм, лексикэм, псалъэ къэхъук1эм, грамматикэм, стилистикэм теухуауэ щ1эныгъэ пыухык1ахэр, иджырей бзэщ1эныгъэм щыщу гуры1уэныгъэ тынш дыдэхэр, обществэм, гъащ1эм бзэм щи1э мыхьэнэшхуэр, абы и зыужьык1эр;

еджак1уэхэм я логическэ гупсысэк1эм зиужьынымк1эдэ1эпыкъуэгъу яхуэхъун;

еджак1уэхэр ц1ыхугъэм, гущ1эгъулыуэ щытыным, я лъэпкъымрэ абы и хабзэхэмрэ къыщхьэщыжыным, яхъумэжыным хуэгъэсэн.

Етхуанэ классым щадж темэхэм къыдэк1уэу еджак1уэхэм академическэ грамматикэм и 1ыхьэ куэдыр нэхъ кууэ ядж, абы къыхэк1ыу 1эмал имы1эу езыр-езыру ялэжьхэр, творческэ проектхэр, бзэм теухуа къэхутэныгъэхэр нэхъыбэу хэгъэхьапхъэщ.

**6-нэ классым** адыгэбзэмк1э рабочэ программэр зэхэлъхьа хъуащ Егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э КъБр-м и Министерствэм къищта автор гупым зэхигъэува «5-11-нэ классхэм папщ1э адыгэбзэмк1э программэхэм» (Налшык «Эльбрус» 2010) ипкъ итк1э, Урыс Хь.Щ., 1эмырокъуэ И.1. 6-нэ классым папщ1э ятха «Адыгэбзэ» (Налшык «Эльбрус» 2011) тхылъым тещ1ыхьауэ. Рабочэ программэр сыхьэт 68-м къриубыдэу егъэджыным теухуащ, зы тхьэмахуэм и к1уэц1к1э сыхьэтит1 хуэзэу. Абы къыхэк1ыу илъэсым къриубыдэу къызэрапщытэ лэжьыгъэхэу ягъэзэщ1энущ: диктанту 6,изложенэу2, сочиненэу 3.

Адыгэбзэк1э убзыхуа яджыну темэхэр рабочэ программэм урысыбзэк1и щызэдзэк1ащ.

## Адыгэбзэр 6-нэ классым щегъэджыным мыпхуэдэ къалэн къегъэув:

тэмэму псэлъэнымк1и, тхэнымк1и, абы хуэдэ дыдэу гъэхуауэ къеджэнымк1и еджак1уэхэм я1э есэныгъэхэр егъэф1эк1уэн;

я бзэр тэмэму яухуэфу,дэтхэнэ псалъэри егупсысауэ къагъэсэбэпыфу егъэсэн;

еджак1уэхэм етын фонетикэм, лексикэм, псалъэ къэхъук1эм, грамматикэм, стилистикэм теухуауэ щ1эныгъэ пыухык1ахэр, иджырей бзэщ1эныгъэм щыщу гуры1уэныгъэ тынш дыдэхэр, обществэм, гъащ1эм бзэм щи1э мыхьэнэшхуэр, абы и зыужьык1эр;

еджак1уэхэм я логическэ гупсысэк1эм зиужьынымк1эдэ1эпыкъуэгъу яхуэхъун;

еджак1уэхэр ц1ыхугъэм, гущ1эгъулыуэ щытыным, я лъэпкъымрэ абы и хабзэхэмрэ къыщхьэщыжыным, яхъумэжыным хуэгъэсэн.

## 6-нэ класс къэзыуххэм яхузэф1эк1ын хуейщ:

диалектым ехьэл1а псалъэхэр литературэбзэм хыхьэхэм къыхагъэк1ыфын;

щыпсалъэк1и тхыгъэми къыхац1ыхук1ыфын адыгэбзэм езым еиж псалъэхэмрэ нэгъуэщ1ыбзэм

щыщу къигъэсэбэпымрэ;

1эщ1агъэм хэхауэ епха (профессиональнэ) псалъэхэр практическэу я бзэм къыщагъэсэбэпын;

псалъалъэмк1э лэжьэфын;

псалъэр зэрызэхэт 1ыхьэхэм хузэпкърыхын;

6-нэ классым щаджа псалъэ лъэпкъыгъуэхэмрэ абыхэм я грамматическэ щытык1эхэмрэ яхузэхэц1ыхук1ын;

1-6-нэ классхэм щаджхэм къыхэк1 орфограммэхэр къэгъуэтын, псалъэхэм я тхык1э тэмэмымрэ нагъыщэхэм я гъэувык1эмрэ я хабзэхэм щытхэк1э иригъуэзэн;

псалъэщ1э къыщыхъук1э, ударенэр зытехуэ пычыгъуэм зыщихъуэжк1э е зы псалъэ лъэпкъыгъуэр нэгъуэщ1 псалъэ лъэпкъыгъуэм щыхуэк1уэк1э, макъзешэ э, а-хэр щатхыр зэхэгъэк1ын;

псалъэ зэхэлъхэм я кум екъуа дэту щатхым и хабзэр щытхэк1э къэгъэсэбэпын;

определительнэ псалъэ зэпыщ1ахэр зэпыту щатхым иригъуэзэн, ахэр псалъэ зэхэлъхэм къыхэгъэк1ыфын;

къыупщытэ мыхъу орфограммэ зи1э псалъэхэр тэмэму тхыфын (6-нэ классым я тхылъым зыщрихьэл1эхэм тещ1ыхьауэ);

план зэхэлъ зэхэлъхьэн;

тхыгъэр зытепсэлъыхьыр убгъуауи, к1эщ1уи, хэчыхьауи къэ1уэтэжыфын, пейзажым, псэуалъэм и описанием щыщ 1уэхугъуэхэр хыхьэу;

сочиненэ зэратхын материал зэхуэхьэсыфын ик1и, зэрыщытын хуейм хуэдэу, зэк1элъыхьыфын, темэмрэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ 1уэхум къыхэлъытауэ;

езым къагупсыса рассказ зэхэлъхьэн, псэуалъэм, пейзажым тетхыхьыфын;

щ1ызэныкъуэкъу гуэрым теухуауэ тхыгъэ к1эщ1 тхыфын;

зэхалъхьа тхыгъэм къи1уатэмрэ зэрытха бзэмрэ ирагъэк1уэфын (яджа материалым тещ1ыхьауэ);

фразиологическэ псалъалъэр къэгъэсэбэпыфын.

**6-нэ классым** адыгэ литературэмк1э рабочэ программэр зэхэлъхьа хъуащ Егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э КъБр-м и Министерствэм къищта автор гупым зэхигъэува «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэмк1э 5-11-нэ классхэм папщ1э программэм» (Налшык, 2010) ипкъ итк1э,

Ержыб А.Къу. итха «Адыгэ литературэ 6 класс. Учебник-хрестоматие» (Налшык: «Эльбрус», 2013) тхылъым тещ1ыхьауэ. Рабочэ программэр сыхьэт 68-м къриубыдэу егъэджыным теухуащ, зы тхьэмахуэм и к1уэц1к1э сыхьэтит1 хуэзэу. Абы къыхэк1ыу илъэсым къриубыдэу къызэрапщытэ лэжьыгъэу сочинении 2 ятхынущ.

Адыгэ литературэмк1э яджыну адыгэбзэк1э убзыхуа хъуа темэхэр рабочэ программэм урысыбзэк1и щызэдзэк1ащ.

## Адыгэбзэр 6-нэ классым щегъэджыным мыпхуэдэ къалэн къегъэув:

Ныбжьыщ1эхэм литературэм къыхахыу зэхэщ1ык1 лъагэрэ гъэсэныгъэ дахэрэ яхэлъу къэгъэтэджыныр; ц1ыхугъэм и щапхъэр, гуп хэтык1э хабзэхэр,благъэми хамэми яхуэфащэ пщ1эмрэ нэмысымрэ къагуры1уэу, Хэкур ф1ыуэ ялъагъуу, жылагъуэ 1уэхухэмрэ щхьэзакъуэ гурыгъухэмрэ зэрагъэзэгъыфу, дэтхэнэми лъысыпхъэ пщ1эр хуащ1ыжу къэхъуныр;

Литературэ образ щыпкъэхэр и гъуазэу щ1эблэр жылагъуэ гъащ1эм хэшэныр, ныбжьыщ1эхэм я зэчиймрэ зэф1эк1ымрэ къызэ1уегъэхыныр, дунейпсо ц1ыхубэм хигъэщхьэхук1а лъап1эныгъэ нэхъыщхьэхэр къыгуры1уэу, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ хуэпэжу къэгъэхъуныр, лъэпкъхэм яку дэлъ ныбжьэгъугъэр гъэбыдэн, ц1ыхухэм шынагъуэншагъэ псэук1э къахузэгъэпэщыным и бэнак1уэу къэгъэтэджыныр;

Еджак1уэхэр я анэдэлъхубзэк1э зек1уэ 1уэры1уатэмрэ тхыгъэ нэхъыф1хэмрэ щыгъуазэ щ1ыныр, абык1э хуэфащэ пщ1эр анэдэлъхубзэм хуащ1у ик1и иригушхуэу къэгъэхъуныр, лъэпкъ литературэм и тхыдэмрэ нобэрей и щытык1эмрэ кууэ щыгъэгъуэзэныр, абы и жанр нэхъыщхьэхэр, и тхыгъэ нэхъыф1хэр къагурыгъэ1уэныр;

1уэры1уэтэм и л1эужьыгъуэхэр, литературэ тхыгъэхэр псэк1э зыхащ1эу, зэпкърахыфрэ абы хэлъ ф1агъхэмрэ щыщ1эныгъэхэмрэ литературэмрэ тхыдэмрэ ящыщ щапхъэхэр къагъэсэбэпурэ къагъэнэхуэфу, езыезыхэми псалъэр эстетикэм и хабзэк1э ягъэшэрыуэфу, литераткрэр гъуазджэм и нэгъуэщ1 пкъыгъуэхэм зэрыдэгъуэгурык1уэмрэ къызэрыщхьэщык1ымрэ 1упщ1у зэхащ1ык1ыу егъэсэныр.

## 6-нэ класс къэзыуххэм яхузэф1эк1ын хуейщ

**ЖьэрыIуатэу:**

- художественнэ тхыгъэм тэмэму,ирижэу ик1и гъэхуауэ къеджэн;
- яджа художественнэ тхыгъэм теухуа сочиненэ зэхэлъхьэн;
- литературэ л1ыхъужьым теухуауэ егъэджак1уэм и упщ1эхэм жэуап етын;
- рассказ к1эщ1 ц1ык1у зэхэлъхьэн;
- езыр-езыру къызэджа художественнэ тхыгъэм, гъуазджэ лэжьыгъэм, зэплъа кинофильмым е телевизорк1э къатам пэджэж тхыгъэ гъэхьэзырын;
- 1уэхугъуэ гуэрым гъэхуауэ тепсэлъыхьын. Къызэджа тхыгъэм ипкъ итк1э тхак1уэм теухуа хъыбар къэ1уэтэжын. Басняхэр, хъыбархэр, псысэхэр мыин дыдэу зэхэлъхьэн.

**Тхыгъэу:**

- художественнэ тхыгъэ мыиныр къэ1уэтэжын;
- литературэ л1ыхъужьым теухуауэ егъэджак1уэм и упщ1эхэм жэуап убгъуа етын;
- Тхыгъэм щыщ пычыгъуэм е тхыгъэ мыиным план хузэхэлъхьэн;
- гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм зыдэщы1а дунеяплъэм, лэжьап1эм теухуауэ еджак1уэхэм я нэгу щ1эк1а 1уэхугъуэхэм теухуа сочиненэ мыин зэхэлъхьэн.

**6-нэ классым щеджэхэм яIэн хуей щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ**

**ЕджакIуэхэм ящIэн хуейщ:**

- яджа художественнэ тхыгъэр зытеухуар; абы щек1уэк1 1уэхугъуэхэр, хэт литературэ л1ыхъужьхэр;зэпкъраха художественнэ тхыгъэхэм я ухуэк1эмрэ сюжетымрэ, гук1э зрагъэщ1эн хуейуэ ирата тхыгъэхэр;
- гуры1уэныгъэ щхьэхуэхэм я щытык1э нэхъыщхьэхэр: пейзажыр, литературэ л1ыхъужьым и теплъэр, щ1агъыбзэр зищ1ысыр.

**ЕджакIуэхэм яхузэфIэкIын хуейщ:**

- ядж тхыгъэм 1уэхугъуэ щхьэхуэхэр къыхагъэщхьэхук1ыныр, тхак1уэм къигъэлъэгъуа теплъэгъуэхэр я нэгум къыщ1агъэхьэжыныр;
- ядж художественнэ тхыгъэхэм хэт персонажхэм яку дэлъ зэпыщ1эныгъэхэр къахутэныр, абыхэм хэт художественнэ 1эмалхэр къэгъуэтыныр ик1ит абыхэм тхыгъэм щагъэзащ1э къалэнхэр жа1эжыныр;
- я хьэл-щэнрэ я 1уэхущ1афэ елъытак1э ядж тхыгъэхэм хэт литературэ л1ыхъужьхэр ягъэбелджылыныр, тепсэлъыхьыныр;
- тэмэму ирижэу ик1и гъэхуауэ макък1э тхыгъэм къеджэныр;
- тхыгъэхэр е пычыгъуэхэр тхыгъэуи, жьэры1уатэуи къэ1уэтэжыныр;
- художественнэ тхыгъэ мыиным хэт литературнэ л1ыхъужьым теухуа план зэхэлъхьэныр; егъэджак1уэм игъэув упщ1эхэм жэуап иратурэ ядж тхыгъэм хэт литературэ л1ыхъужьым тепсэлъыхьыныр;
- езыр-езыру зэджа художественнэ тхыгъэм е гъуазджэм и нэгъуэщ1л1эужэьыгъуэм жьэры1уатэу пэджэж псалъэ иратыныр; тхыгъэм къыхэщ л1ыхъужьхэмрэ 1уэхугъуэ щхьэхуэхэмрэ езыхэм хуа1э щытык1эр къыхэщу на1уэ къэщ1ыныр;
- художественнэ тхыгъэ зэджахэм е хрестоматием ит зэрыгъуазэ 1эмалхэр тэмэму къагъэсэбэпыныр.

**7 –нэ классым** адыгэбзэмк1э и программэр зэхэлъхьащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей_Балъкъэр Республикэм ц1ыхубэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымк1э къищта Законхэмрэ концепцэхэмрэ, Егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэм къищта программэм япкъ итк1э:

**Еблано классым адыгэбзэр щегъэджыным мураду къигъэувыр:**

- глагол формэ хэхауэ къак1уэхэм я морфологическэ щытык1эхэм
- щыгъэгъуэзэн;
- орфограммэхэмрэ пунктограммэхэмрэ теухуауэ яджар я бзэм

- къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн;
- псалъэуха зэхуэмыдэхэр зэхалъхьэфу, абыхэм нагъыщэхэр
- щагъэувыжыфу ягъуэта щ1эныгъэм хэгъэхъуэн;
- -еджак1уэхэм я  бзэм зэрызиужьым хэгъэхъуэн.

**Ебланэ классым адыгэбзэр щегъэджыным къалэну къегъэув:**

- глагол формэхэм я морфологическэ щытык1эхэм щыгъуазэ щ1ын;
- зи щхьэ хущыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр зи щхьэ хущымытхэм къыхагъэ-
- к1ыфу егъэсэн;
- орфографием, пунктуацэм, грамматикэм ехьэл1а щыуагъэхэр
- къагъуэтыфу,   ягъэзэк1уэжыфу егъэсэн;
- сочиненэм елэжьынымк1э я1э есэныгъэхэм хэгъэхъуэн.
- къагъэсэбэпыфу егъэсэныр.

Адыгэбзэр егъэджыныр къызэгъэпэщыпхъэщ компетентностнэ (лъэк1ыныгъэхэм зезыгъэужь) бгъэдыхьэк1эм тету.  Абы тещ1ыхьауэ еянэ классым зыщаужь:

- коммуникативнэ (зэрызэгуры1уэ, зэрызэпыщ1а) компетенцэхэм,
- лингвистическэ (бзэщ1эныгъэ) компетенцэхэм,
- культуроведческэ компетенцэхэм.

Ебланэ классым щадж темэхэм къыдэк1уэу еджак1уэхэм академическэ грамматикэм и 1ыхьэ куэдыр нэхъ кууэ ядж, абы къыхэк1ыу 1эмал имы1эу езыр-езыру ялэжьхэр, творческэ проектхэр, бзэм теухуа къэхутэныгъэхэр нэхъыбэу хэгъэхьапхъэщ.

**Еджак1уэхэр зэреджэну тхылъхэр:**

Зэреджэну тхылыр -Урыс Хь. Щ., 1эмрокъуэ И. 1. «Адыгэбзэ 7», 2011гъ.

Псори: сыхь. 68, тхьэмахуэм сыхь-2.

## Ебланэ классыр къэзыух еджак1уэм игъуэтыпхъэ щ1эныгъэхэмрэ есэныгъэхэмрэ

*Морфологиемрэ орфографиемк1э:*

- глагол формэ хэхауэ къак1уэхэм (причастиемрэ деепричастиемрэ)я морфологическэ щытык1эхэр;
- зылэжь причастиемрэ зэлэжь причастиемрэ зэрызэщхьэщык1 1уэхугъуэ нэхъыщхьэхэр;
- причастиехэр зэманк1э, щхьэк1э, падежк1э, бжыгъэк1э зэхъуэк1а зэрыхъур;
- причастиер гаголым къызэрытек1 щ1ык1эр;
- деепричастиер къызэрыхъу щ1ык1эр;
- деепричастим и спряженэм къыщхьэщызыгъэк1ыу хэлъыр;
- наречием и мыхьэнэр и морфологическэ щытык1эхэр;
- я мыхьэнэ елъытауэ наречиехэр зэрызэщхьэщык1 л1эужьыгъуэхэр;
- наречиехэм якъэхъук1эр;
- наречиехэм я тхык1эм ехьэл1а хабзэхэр;
- зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр, абыхэм я морфологическэ щытык1эхэр;
- послелогхэм щыщу нэхъыбэрэ къагъэсэбэпхэр;
- послелог мыхьэнэ и1эу къэк1уэнк1э хъуну псалъэ лъэпкъыгъуэхэр;
- союзхэр я мыхьэнэк1э зэрызэщхьэщык1ыр;
- зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэм я тхык1эм теухуа хабзэхэр.

**Еджак1уэхэм яхузэф1эк1ын хуейхэщ:**

*Морфологиемрэ орфографиемрэ:*

- причастие-определенэ щы1эц1эм и гъусэу къэк1уар падежк1э зэхъуэк1ын;
- зы глагол лъабжьэм глагол зэлэжьи зылэжьи къытегъэк1ын;
- глаголым суффикс зэхуэмыдэхэмк1э деепричастие къытегъэк1ын;
- щыпсалъэк1и, щытхэк1и лэжьыгъэм и щытык1эр, ар зэпхауэ къэхъу обстоятельствэ зэмыл1эужьыгъуэхэр наречие-синонимхэмк1э, антонимхэмк1э къэгъэлъэгъуэн;
- послелог-синонимхэмрэ союз-синонимхэмрэ бзэм къыщыгъэсэбэпын;
- частицэ, междометие къзыщык1уа лсалъэухахэм тэмэму къеджэн;
- зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр зи щхьэ хущытхэм къыхэгъэк1ыфын;
- союзуи послелогыуи къак1уэ псалъэхэр я къэлэнк1э зэхэгъэк1ын;
- пэщ1эдзэ – ебланэ классхэм орфограмэхэмрэ пунктограммэхэмрэ теухуауэ щаджар я бзэм къыщыгъсэбэпыфын.

*Бзэм зегъэужьынымк1э:*

- ц1ыхум и теплъэр, лэжьыгъэр зэрек1уэк1ыр къэзыгъэлъагъуэ зэра1уатэ тхыгъэхэр зытепсэлъыхьыр убгъуауэ, к1эщ1у ик1и хэчыхьауэ къэ1уэтэжын;
- ц1ыхум, лэжьыгъэр зэрек1уэк1ым тетхыхьын;
- сюжет иратамк1э рассказ тхын;
- сочиненэм елэжьыфын, абы и темэр, гупсысэ нэхъыщхьэр, стилыр егъэф1эк1уэным теухуауэ;
- езым и гупсысэр къэзы1уатэ сочиненэ тхын;
- бзэм теухуа к1элъыплъыныгъэхэр егъэк1уэк1ын, ахэр творческэ проекту гъэхьэзырыжыфын.

**7-нэ классым** литературэмк1э и программэр зэхэлъхьащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей_Балъкъэр Республикэм ц1ыхубэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымк1э къищта Законхэмрэ концепцэхэмрэ, Егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэм къищта программэм япкъ итк1э:

Зэрылажьэ программэм къыщыгъэлъэгъуащ «Адыгэ литературэр» ебланэ классым щегъэджыным и мурадымрэ и къалэнымрэ къэрал стандартым тету.

Къэрал стандартыр щ1эныгъэр зыхуеину псори зыгъэбелджылы пщалъэщ. Зэрылажьэ программэм къызэщ1еубыдэ еджак1уэм и ныбжьым, и акъылым зэрызиужьам, и гупсысэр здынэсам елъытауэ ябгъэдэлъхьэн хуей щ1эныгъэр.

**Ебланэ классым литературэр щегъэджыным мураду къигъэувыр:**

- еджак1уэхэм я логическэ гупсысэк1эм зиужьынымк1э дэ1эпыкъуэгъу хъун;
- еджак1уэхэр ц1ыхугъэм, гущ1эгъулыуэ щытыным, и лъэпкъымрэ абы и хабзэмрэ къыщхьэщыжыным, ихъумэным хуэгъэсэн.

**Ебланэ классым литературэр щегъэджыным къалэну къигъэувыр:**

- гъащ1эмрэ искусствэмрэ хэлъ дахагъэм хуэфэщэн пщ1э хуащ1ыфу егъэсэн;
- литературэмк1э зэджа тхыгъэхэр зэпкърахыфу, тэмэму тепсэлъыхьыжыфу щытыным хущ1экъун;
- езыр – езыру художественнэ тхыгъэхэм къеджэу, абы тепсэлъыхьыжыфу

зэпкърахыфу егъэсэн;
- анэдэлъхубзэм и къулеягъэм, и дахагъэм, къулеягъэм, шэрыуагъэм гу лъегъэтэн;
- зэджа произведенэхэм тхыгъэк1э тэмэму, зэк1элъыхьауэ тепсэлъыхьыжыфу есэным хущ1экъун.

**Зэрылажьэ программэм къызэщ1еубыдэ:**

- езы тхыгъэхэм я1э идейно– художественнэ мыхьэнэхэр
- общественнэ, историко – литературнэ мыхьэнэуэ тхыгъэм и1эр
- художественнэ тхыгъэхэр литературнэ жанр зэмыл1эужьыгъуэхэу зэрыщытыр
- тхак1уэм и творчествэм мыхьэнэуэ и1эр
- зэрылажьэ программэм къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэхэр л1эужьыгъуит1у гуэшащ:
- классым щ1эсу яджын хуей тхыгъэхэр
- классым щ1эмысу яджын хуей тхыгъэхэр

Еблагэ классыр зэреджэ «Адыгэ литературэ» тхылъым ихуащ адыгэ литературэм щыщу тхыгъэ мыинхэр, ауэ нэхъ купщ1аф1эхэр.

Зэрылажьэ программэм къегъэлъагъуэ гъэхуауэ, зэхэщ1ык1ыгъуэу тхыгъэм къеджэныр, тхыгъэм хэт л1ыхъужьхэр гъэбелджылыныр, литературэм и теорием елэжьыныр..

Зэрылажьэ программэм къегъэлъагъуэ адыгэ литературэ урокхэм адрей предметхэм пыщ1эныгъэ хуа1эн зэрыхуейр. Псалъэм папщ1э:
адыгэ литературэм, урыс литературэм; адыгэбзэм; адыгэ тхыдэм; географием; биологием;гъуазджэм н.

**Зэреджэну тхылъхэр:**

Адыгэ литературэ 7 класс (хрестоматие) Т1ымыжь Хь. Т., Балэ Л. Ф.
Псори: сыхь 68, тхьэмахуэм- сыхь.2.

**7-нэ классым щ1эс еджак1уэхэм я щ1эныгъэмрэ я есэныгъэмрэ къалэн нэхьыщхьэу кьыхуагъэувхэр:**

- художественнэ, публицистическэ тхыгъэхэмирижэу макък1э къеджэн;
- художественнэ тхыгъэхэм е абыхэм щыщ, пычыгъуэхэм зэхэщ1эгъуэу къеджэн;
- эпическэ тхыгъэ мыинхэр е абыхэм щыщ пычыгъуэхэр тхыгъэк1и жьэры1уатэуи къэ1уэтэн (изложенэ);
- ядж художественнэ произведенэхэм теухуауэ тхыгъэуи жьэры1уатэуи сочиненэ-рассужденэ къызэгъэпэщын, литературнэ л1ыхъужьым теухуа упщ1эм жэуап убгъуа (укъуэдия) тэмэм етын;
- 1уэхугъуэ гуэрым жьэры1уатэу тепсэльыхьын, художественнэ тхыгъэхэм къытещ1ык1а инсценировкэхэр къызэгъэпэщын;
- эпическэ тхыгъэм е абы и пычыгъуэм теухуа план зэхэльхьэн;
- жьэры1уатэу е тхыгъэк1э къи1уэтэнум и план къызэрыгуэк1 зэхэлъхьэн;
- езыр-езыру къызэджа художественнэ тхыгъэхэу программэм хыхьэхэм, изобразительнэ искусствэм и произведенэм, зэплъа кинофильмым е телевизионнэ кьэтыныгъэм теухуауэ жьэры1уатэ отзыв зэхэльхьэн (персонажхэмрэ 1уэхугъуэ гуэрхэмрэ езыхэм хуа1э щытык1эр къыхагъэшу, ягъэбелджылыуэ).

Предметхэм яку дэлъыпхъэ зэпыщ1эныгъэхэр. Адыгэбзэ. Щыхум и теплъэм теухуа сочиненэ-описанэ. Сочиненэ-рассужденэ, общественно-политическэ темэм теухуа къэ1уэтэныгъэу.

**7-нэ классым щ1эс еджак1уэхэм я1эн хуей щ1эныгъэхэмрэ есэныгъэхэмрэ**

**Еджак1уэхэм ящ1эн хуейщ:**

- яджа художественнэ тхыгъэхэм я авторхэр, тхыгъэхэм я ц1эмрэ къа1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ;
- яджа художественнэ тхыгъэхэм я сюжетымрэ абыхэм хэт литературнэ л1ыхъужьхэмрэ яку даль зэпыщ1эныгъэхэр;
- яджа художественнэ тхыгъэхэм я1э композиционнэ гъэпсык1эм къыхэзыгъэщхьэхук1ыу хэлъыр;

- ауаным, гушы1эм, метафорэм, литературэм и л1ужьыгъуэхэм (род литературы) теухуа гуры1уэгъуэхэр;
- гук1э зрагъэщ1эн хуейуэ программэм къыщыгъэлъэгъуа художественнэ тхыгъэхэр.

**Еджак1уэхэм яхузэф1эк1ын хуейщ:**

**I**

- тхак1уэм (усак1уэм) къигъэлъагъуэ теплъэгъуэхэр я нэгу къыщ1эгъэхьэжын;
- литературнэ л1ыхъужьыр зыгъэбелджылы щ1ып1эхэмрэ 1уэхугъуэхэмрэ ядж художественнэ тхыгъэм къыхагъэщхьэхук1ын;
- яджа программнэ литературнэ тхыгъэм и сюжетнэ унэт1ыныгъэм (экспозицэм, заявкэм, кульминацэм, развязкэм) и мыхьэнэр къахутэн;
- зыщыгъуазэ художественнэ тхыгъэм хэт изобразительно-выразительнэ 1эмалхэм текстым ща1э идейно-художественнэ мыхьэнэр къахутэфын;
- егъэджак1уэм игъэува проблемнэ упщ1эм ипкъ итк1э литературнэ л1ыхъужьыр ягъэбелджылын;
- ядж художественнэ тхыгъэм хэт литературнэ л1ыхъужьит1 зэрагъэпщэн, абыхэм тхыгъэр зи 1эдакъэщ1эк1ыр зэрахущытыр къащ1эн папщ1э;
- эпическэ тхыгъэр лирическэм къыхац1ыхук1ын.

**II**

- художественнэ, научно-популярнэ, публицистическэ текстхэм псынщ1эу, тэмэму ик1и зэхэщ1ык1ыгъуэу кьеджэн. Укъызэреджэну псынщ1агъыр; зы дакъикъэм псалъи 120-130-рэ;
- художественнэ тхыгъэхэм гъэхуауэ къеджэн;
- эпическэ тхыгъэхэр е абыхэм я пычыгъуэхэр жьэры1уатэуи тхыгъэк1и къа1уэтэжыфын;

- литературнэ произведенэм хэт л1ыхъужьым тхыгъэк1и жьэры1уатэуи тепсэльыхьын;

- литературнэ л1ыхъужьхэм теухуа упщ1эхэм жэуап убгъуа иратын;

- эпическэ тхыгъэм е абы щыщ пычыгъуэм план хуагъэувыжы

**8-нэ классым** адыгэбзэмк1э программэр зэхэлъхьащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей_Балъкъэр Республикэм ц1ыхубэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымк1э къищта Законхэмрэ концепцэхэмрэ, Егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэмкъищта программэм япкъ итк1э.

**Еянэ классым адыгэбзэр щегъэджыным мураду къигъэувыр:**

- синтаксисымрэ пунктуацэмк1э ягъуэта щ1эныгъэм хэгъэхъуэн;
- еджак1уэхэм я бзэм зэрызиужьым хэгъэхъуэн.

**Еянэ классым адыгэбзэр щегъэджыным къалэну къегъэув:**

- орфографием, пунктуацэм, грамматикэм ехьэл1а щыуагъэхэр къагъуэтыфу, ягъэзэк1уэжыфу егъэсэн;
- сочиненэм елэжьынымк1э я1э есэныгъэм хэгъэхъуэн.
- псалъэухамрэ псалъэ зэпхамрэ зэхагъэк1ыфу егъэсэн;
- псалъэуха зэхуэмыдэхэр зэхалъхьэфу, абыхэм нагъыщэхэр щагъэувыжыфу ягъуэта щ1эныгъэм хэгъэхъуэн;
- еджак1уэхэм я бзэм зэрызиужьым хэгъэхъуэн.

Адыгэбзэр егъэджыныр къызэгъэпэщыпхъэщ компетентностнэ (лъэк1ыныгъэхэм зезыгъэужь) бгъэдыхьэк1эм тету. Абы тещ1ыхьауэ еянэ классым зыщауж:

1 коммуникативнэ (зэрызэгуры1уэ, зэрызэпыщ1а) компетенцэхэм,

2 лингвистическэ (бзэщ1эныгъэ) компетенцэхэм,

3 культуроведческэ компетенцэхэм.

**Еджак1уэхэр зэреджэну тхылъхэр:**

1. Урыс Хь. Щ., Тамбий Б. А. «Адыгэбзэ 8-», Налшык, 2011 гъ..
2. Джаурджий Хь.З. и «Орфографиемрэ пунктуацэмк1э лэжьыгъэхэр».

**Псори : сыхь: 68, тхьэмахуэм – 2 сыхь.**

**Еянэ классыр къэзыух еджак1уэм игъуэтыпхъэ щ1эныгъэхэмрэ есэныгъэхэмрэ**

*Синтаксисымрэ пунктуацэмк1э:*

1 синтаксисым иджымрэ пунктуацэр зищ1ысымрэ;
2 псалъэ зэпхар псалъэухам къызэрыщхьэщык1ыу хэлъ щытык1эхэр;
3 псалъэ зэпха л1эужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм я къэк1уэк1эр;
4 псалъэ зэпхахэм яку дэлъ зэпыщ1эныгъэхэр зыхуэдэр;
5 подлежащэмрэ сказуемэмрэ я1э зэпхык1эм къыщхьэщызыгъэк1ыу хэлъыр;
6 псалъэуха къызэрык1уэм и щытык1эхэмрэ абы и л1эужьыгъуэхэмрэ;
7 пкъыгъуэ нэхъыщхьит1ри зи1э псалъэуха къызэрык1уэм и щытык1эхэр;
8 псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр;
9 псалъэухам и пкъыгъуэ ет1уанэхэр;

10 зы пкъыгъуэ нэхъыщхьэ зи1э псалъэуха къызэрык1уэхэр;
11 псалъэуха иримыкъухэр;
12 зы пкъыгъуэ нэхъыщхьэ зи1э псалъэухахэмрэ пкъыгъуэ нэхъыщхьит1ри зи1э псалъэухахэмрэ нэхъыщхьэу зэрызэщхьэщык1хэр;
13 пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъу зи1э псалъэухахэр;
14 зэрызыхуагъазэ псалъэ, вводнэ псалъэ, междометие зыхэт псалъэухахэр;
15 псалъэуха къызэрык1уэхэм нагъыщэхэр зэрыщагъэувым и хабзэхэр;
16 пкъыгъуэ пыщхьэхук1а зыхэт псалъэухахэр;
17 псалъэухам и пкъыгъуэ зэмыл1эужьыгъуэхэр пыщхьэхук1ыным щхьэусыгъуэ хуэхъур;
18 зыгуэрым и псалъэр нэгъуэщ1ым къызэри1уатэ щ1ык1эхэр(псалъэ занщ1эмрэ зэдзэк1амрэ);
19 зыгуэрым и псалъэр нэгъуэщ1ым къыщи1уатэм ягъэув нагъыщэхэм я гъэувык1эр.

**Еджак1уэхэм яхузэф1эк1ын хуейхэщ:**

*Синтьаксисымрэ пунктуацэмк1э:*

1 псалъэ зэпхам, зы пкъыгъуэ нэхъыщхьэ зи1э, пкъыгъуэ нэхъыщхьит1ри зи1э псалъэухахэм, псалъэ занщ1эм теухуа синтаксическэ зэпкърыхыныгъэ егъэк1уэк1ын;
2 псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьит1ри зи1э, зы пкъыгъуэ нэхъыщхьэ зи1э, пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъу, вводнэ псалъэ (псалъэуха), зэрызыхуагъазэ псалъэ зыхэт псалъэуха зэхэлъхьэн;
3 бзэм и стилым къезэгъ синтаксическэ синонимхэр къэгъэсэбэпын;
4 YIII классым щаджа пунктограммэхэм я хабзэм иригъуэзэн;
5 псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьит1ри зи1э, зы пкъыгъуэ нэхъыщхьэ зи1э, пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъу, пкъыгъуэ пыщхьэхук1а, вводнэ псалъэ (псалъэуха), зэрызыхуагъазэ псалъэ зыхэт псалъэухахэм нагъыщэхэр гъэувыфын;
6 YIII классым зыщрихьэл1а зи тхык1эр орфографиек1э къыпхуэмыпщытэ псалъэхэм я тхык1э тэмэмыр щ1эн.

*Бзэм зегъэужьынымк1э:*

1 щ1ып1эм, архитектурэм, тхыдэм ехьэл1а фэеплъхэм тетхыхьыным и 1уэхугъуэхэр къэзызыгъэлъагъуэ тхыгъэхэр убгъуауи, хэчыхьауи къэ1уэтэжын;
2 сочиненэ-описанэ тхын (ц1ыху гупым характеристикэ етын, ц1ыхуит1ым е нэхъыбэм зэгъэпщэныгъэ характеристикэ етын, щ1ып1эм, тхыдэм и фэеплъым теухуауэ);
3 езыхэм я гуращэхэмрэ гурыщ1эхэмрэ къыщагъэлъагъуэ сочиненэ тхыфын, хьэл-щэн къэгъэлъэгъуэным теухуауэ;
4 сочиненэм елэжьыфын, абы и темэр, гупсысэ нэхъыщхьэр, стилыр егъэф1эк1уэным теухуауэ;
5 орфографием, пунктуацэм, грамматикэм ехьэл1а щыуагъэхэр гъэзэк1уэжын;
6 бзэм теухуа к1элъыплъыныгъэхэр егъэк1уэк1ын, ахэр творческэ проекту гъэхьэзырыжыфын.

**Гъэ еджэгъуэм еджак1уэхэр зэлэжьыну творческэ проектхэр**

1. «Псалъэуха къызэрык1уэм и л1эужьыгъуэхэр».
2. «Зы пкъыгъуэ нэхъыщхьэ зи1э псалъэухахэм я къэк1уэк1эр»
3. «Псалъэухам и пкъыгъуэ пыщхьэхук1ахэр, абыхэм щагъэув нагъыщэхэр»
4. «Зыгуэрым и псалъэр нэгъуэщ1ым къызэри1уатэ щ1ык1эхэр (псалъэ занщ1эмрэ зэдзэк1амрэ, цитатэ)»
5. «Зэрызыхуагъазэ псалъэ, вводнэ псалъэ, междометие зыхэт псалъэухахэр»
6. « Адыгэбзэм и синтаксисымрэ пунктуацэмрэ елэжьа щ1эныгъэл1хэр»
7. «Адыгэбзэм и синтаксисым и тхыдэ»
8. «Синтаксическэ зэпкърыхыныгъэхэр»

**8- нэ классым** литературэмк1э программэр зэхэлъхьащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей_Балъкъэр Республикэм ц1ыхубэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымк1э къищта Законхэмрэ концепцэхэмрэ, Егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэм къищта программэм япкъ итк1э.

**Еянэ классым адыгэбзэр щегъэджыным мураду къигъэувыр:**

- еджак1уэхэм художественнэ литературэр зищ1ысыр, ар искусствэ
-л1эужьыгъуэу зэрыщытыр егъэщ1эн;
-художественнэ литературэм зыхэщ1эгъуэу, гъэхуауэирижэу къеджэфхэу,
- къызэджари гук1э яубыдыфрэ гъэк1эщ1ауэ и мыхьэнэ нэхъыщхьэр къыжа1эжыфу егъэсэн;

**Еянэ классым адыгэбзэр щегъэджыным къалэну къегъэув:**

-анэдэлъхубзэм хуа1э лъагъуныгъэм хэгъэхъуэн, нэхъ куу щ1ын;
- адыгэ лъэпкъым и хабзэр, и нэмысыр, и тхыдэр ящ1эу къэгъэхъун;
- гу къабзэ зи1э ц1ыхур ц1ыхум и дахап1эу зэрыщытыр ящ1эу къэгъэтэджын;
- адыгэ 1уэры1уатэмк1э ягъуэта гуры1уэныгъэхэр нэхъ куу щ1ын;
- эстетикэ и 1уэхук1э гуры1уныгъэф1хэр, гъащ1эм, дунейм я дахэмрэ я 1еймрэ зэхагъэк1ыфу, зыхащ1эу, 1ейм зыщахъумэфу егъэсэн.
-еджак1уэхэм я бзэм, я словарнэ запасым хэгъэхъуэн.

Художественнэ литературэм икьук1э мыхьэнэшхуэ и1эщ, льэныкьуэ псомк1и зызыужьа ц1ыху гъэхьэзырынымк1э, абы и нравственнэ, эстетическэ щытык1эхэр общестеэм къызэригьэувым тету узэщ1ынымк1э.

Художественнэ литературэр еджап1эм зэрыщаджым кьызэщ1еубыдэ адыгэ литературэм и тхыгъэ нэхъыф1, зи зэхэлъык1эрэ ухуэк1эрэк1э, еджак1уэхэм я ныбжьрэ щ1энызгьэк1эрэ къезэгьхэр, (литературэм и теориемрэ тхыдэмк1эрэ нэхъ гу зьлъытапхъэ гуры1уэгьуэхэр), абы кьыдэк1уэу адыгэбзэм и шэрыуагьым, и дахагьым шызыгьэгьуазэ 1уэхугьуэхэр, кьинэмыщ1хэри.

Еджап1эм щадж адыгэ литературэм кьызэищ1еубыдэ адыгэ тхак1уэхэмрэ усак1уэхэмрэ я тхыгьэ нэхъыф1хэу еджак1уэхэм я ныбжь елъытак1э кьагуры1уэну щытхэр, шэрджэс, адыгей, кьэбэрдей литературэхэм я лъабжьэр зыгьэт1ылья ик1и абыхэм нзхъ хэльхьэныгъэшхуэ хуэзыщ1ахэм я тхыгьэ кьыхэхахэр.

Иджырей зэманым, псом хуэмыдэу, зэхъуэк1ыныгъэ инхэр къыщыхъу лъэхъэнэм, хуэфащэ гулъытэ игьуэтын хуейщ литературэ урокым, абы щек1уэк1 еджэныгъэ-гьэсэныгъэ, идейно-нравственнэ, эстетичесэ гьэсэныгьэ лэжьыгьэхэм.

Щ1эблэр гъэсэнымк1э лэжьыгьэм нэхъыщхьэу хэлъын хуейхэм ящыщщ ц1ыхугьэшхуэр, лэжьыгьэмрэ лъэпкъ културэмрэ гу къабзэк1э бгъэдэтыным хуэущииныр, напэм, хабзэм, гъащ1эм къемызэгь 1уэхугьуэхэм гущык1, 1эщ1ыб хуэщ1ыныр. А лэжьыгьэшхуэ гугьур зи пщэм нэхъ кьыдэхуэр еджап1эрщ.

Адыгэ литературэр школым шегъэджыным и къалэн нэхъыщхьэхэм щышщ еджак1уэхэр искусствэм и псалъэм, ц1ыхубэ 1уэры1уатэмрэ литературэмрэ кууэ хэшэныр ик1и ахэр и лъабжьэу еджак1уэхэм я зэхэщ1ык1ым зегъэужьыныр, нравственнэ ик1и художественнэ я лъэныкъуэк1э зегъэузэщ1ыныр.

Литературэм и урокхэр зыгещ1ыхьар художественнэ тхыгъэхэм я текстхэм елэжьынырщ. 8 классхэм егъэджак1уэр е еджак1уэхэр художественнэ тхыгъэхэм е абыхэм я пычыгъуэхэм классым къыщоджэ. А тхыгъэхэр щызэпкъырахк1и зэпыу имы1эу текстым зыхуагъазэ.

Практикэм къегъэлъагъуэ егъэджак1уэм и псалъэм хуэфащэ гулъытэ хуэщ1ын хуейуэ. Ар еджэныгъэр къызэрызэрагъэпэщ щ1ык1э нэхъышхьэхэм ящыщ зыщ. Гъэхуауэ, гум хыхьэу, ф1эщхъуныгъэ хэлъу егъэджак1уэм къи1уатэр еджак1уэхэм зыхащ1э, художественнэ тхыгъэм хуэфащэ пщ1э хуащ1ыным еджак1уэхэр хуегъэхьэзыр. Апхуэдэ къэ1уэтэныгъэр еджак1уэхэм литературнэ псалъэк1эм и щапхъэ яхуохъу.

Курыт еджап1эм литературэм и теорием теухуа 1уэхугъуэ нэхъыщхьэхэмк1э (темэ, идее, композицэ, сюжет, литературнэ тхыгъэхэм я жанрхэмрэ теплъэгъуэхэмрэ) гурь1уэныгъэ нэсрэ зэхэщ1ык1 пыухык1арэ ягъуэтыпхъэщ. Адыгэ литературэр яджк1эрэ, еджак1уэхэм ягъуэтын хуейщ:

а) бзэм (жьабзэми тхыбзэми) зиужьынымк1э есэныгъэ быдэ, езым я бзэк1э я гупсысэхэр къэ1уэтэфын, гуры1уэгъуэу, тыншу, зэк1уу, зы зэк1элъык1уэк1эм тету;

б) иджырей адыгэ литературэм и нэхъ тхыгъэ нэхъыщхьэр, нэхъ гу зылъытапхъэхэр щ1эн;

в) литературнэ тхыгъэхэм я идейно-художественнэ зэхэлъык1эр къагуры1уэу щытын, образхэр яхузэпкърыхын, художественно-изобразительнэ 1эмалхэр къагурыгуэн;г) ди кьэралым ис адрей льэпкъхэм я литературэм хуэдэу, адыгэ литературэр зэф1эувэнымк1э, абы зиужьынымк1э урыс литературэм и мыхьэнэр кьагуры1уэн

**Зэреджэну тхылъыр** 1. Адыгэ литературэ 8класс (учебник-хрестоматие) Бищ1о Б.Ч. Налшык «Эльбрус» 2011

**8-нэ классым щ1эс еджак1уэхэм я1эн хуей щ1эныгъэхэмрэ есэныгъэхэмрэ**

**Еджак1уэхэм ящ1эн хуейщ:**

- яджа художественнэ тхыгъэхэм я авторхэр, тхыгъэхэм я ц1эмрэ къа1уатэ гупсысэ нэхъышхьэхэмрэ;
- яджа художественнэ тхыгъэхэм я сюжетымрэ абыхэм хэт литературнэ л1ыхъужьхэмрэ яку даль зэпыщ1эныгъэхэр;
- яджа художественнэ тхыгъэхэм я1э композиционнэ гъэпсык1эм къыхэзыгъэщхьэхук1ыу хэлъыр;

- ауаным, гушы1эм, метафорэм, литературэм и л1ужьыгъуэхэм (род литературы) теухуа гуры1уэгъуэхэр;
- гук1э зрагъэщ1эн хуейуэ программэм къыщыгъэлъэгъуа художественнэ тхыгъэхэр.

**Еджак1уэхэм яхузэф1эк1ын хуейщ:**

**I**

- тхак1уэм (усак1уэм) къигъэлъагъуэ теплъэгъуэхэр я нэгу къыщ1эгъэхьэжын;
- литературнэ л1ыхъужьыр зыгъэбелджылы щ1ып1эхэмрэ 1уэхугъуэхэмрэ ядж художественнэ тхыгъэм къыхагъэщхьэхук1ын;
- яджа программнэ литературнэ тхыгъэм и сюжетнэ унэт1ыныгъэм (экспозицэм, заявкэм, кульминацэм, развязкэм) и мыхьэнэр къахутэн;
- зыщыгъуазэ художественнэ тхыгъэм хэт изобразительно-выразительнэ 1эмалхэм текстым щa1э идейно-художественнэ мыхьэнэр къахутэфын;
- егъэджак1уэм игъэува проблемнэ упщ1эм ипкъ итк1э литературнэ л1ыхъужьыр ягъэбелджылын;

- ядж художественнэ тхыгъэм хэт литературнэ л1ыхъужьит1 зэрагъэпщэн, абыхэм тхыгъэр зи 1эдакъэщ1эк1ыр зэрахущытыр къащ1эн папщ1э;

- эпическэ тхыгъэр лирическэм къыхац1ыхук1ын.

**II**

- художественнэ, научно-популярнэ, публицистическэ текстхэм псынщ1эу, тэмэму ик1и зэхэщ1ык1ыгъуэу кьеджэн. Укъызэреджэну псынщ1агъыр; зы дакъикъэм псалъи 120-130-рэ;

- художественнэ тхыгъэхэм гъэхуауэ къеджэн;

- эпическэ тхыгъэхэр е абыхэм я пычыгъуэхэр жьэры1уатэуи тхыгъэк1и къа1уэтэжыфын;

- литературнэ произведенэм хэт л1ыхъужьым тхыгъэк1и жьэры1уатэуи тепсэльыхьын;

- литературнэ л1ыхъужьхэм теухуа упщ1эхэм жэуап убгъуа иратын;

- эпическэ тхыгъэм е абы щыщ пычыгъуэм план хуагъэувыжы

**9-нэ классым** адыгэбзэмк1э программэр зэхэлъхьащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ц1ыхубэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымк1э къищта Законхэмрэ концепцэхэмрэ, Егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэм къищта программэм япкъ итк1э.

**Ебгъуанэ классым адыгэбзэр щегъэджыным мураду къигъэувыр:**

- синтаксисымрэ пунктуацэмк1э ягъуэта щ1эныгъэм хэгъэхъуэн;

**Ебгъуанэ классым адыгэбзэр щегъэджыным къалэну къегъэув:**

-псалъэуха зэхэлъым теухуа синтаксическэ зэпкърыхыныгъэхэр егъэк1уэк1ын

- орфографием, пунктуацэм, грамматикэм ехьэл1а щыуагъэхэр къагъуэтыфу, ягъэзэк1уэжыфу егъэсэн;

- сочиненэм елэжьынымк1э я1э есэныгъэм хэгъэхъуэн.

- псалъэуха къызэрык1уэхэм, зэхэлъхэм я щытык1эхэм, псалъэуха зэхэлъ л1эужьыгъуэхэм нэхъ кууэ щыгъэгъуэзэн

- еджак1уэхэм я бзэм зэрызиужьым хэгъэхъуэн;

- псалъэуха зэхэлъым къыщык1уэ пунктограммэхэм я гъэувык1э хабзэм гу лъегъэтэн.

**Еджак1уэхэр зэреджэну тхылъхэр:**

1. Урыс Хь. Щ., Тамбий Б. А. «Адыгэбзэ 9», Налшык, 2011 гъ..
2. Джаурджий Хь.З. и «Орфографиемрэ пунктуацэмк1э лэжьыгъэхэр».

**Псори : сыхь: 34, тхьэмахуэм – 1 сыхь**

## Нэхъыщхьэу ягъуэтын хуей щ1эныгъэхэмрэ есэныгъэхэмрэ

## Еджак1уэхэм ящ1эн хуейщ:

**Синтаксисымрэ пунктуацэмк1э:**

-Псалъэуха зэхэлъ-зэгъусэхэм я къэк1уэк1эр;
-псалъэ пажэхэмрэ гуэдзэхэмрэ зэрызэхущытыр;
-псалъэуха гуэдзэ л1эужьыгъуэхэр;

- псалъэуха зэхэлъым и щытык1э нэхъыщхьэхэр;
-гуэдзэ зыбжанэ зи1э псалъэуха зэхэлъ- зэпхам и къэк1эк1эр;
-союзыншэ псалъэуха зэхэлъхэр;
-зэпхык1э зэмыл1эужьыгъуэ зи1э псалъэуха зэхэлъхэр;
- псалъэ занщ1э зыхэт псалъэухахэр.

## Еджак1уэхэм яхузэф1эк1ын хуейщ:

**Синтаксисымрэ пунктуацэмк1э:**

-Псалъэуха зэхэлъхэм теухуа синтаксическэ зэпкъырыхыныгъэ егъэк1уэк1ын;
-псалъэуха зэхэлъ зэмыл1эужьыгъуэхэм синтаксическэ синонимхэр къыщыгъэсэбэпын ; -псалъэуха зэхэлъхэр зэрызэхэт 1ыхьэхэр запятойк1э зэпэщ1эхыфын, союзыншэ псалъэуха зэхэлъым зэрызэхагъэк1 нагъыщэхэр гъэувыфын;
- IX классым щадж пунктограммэхэр къэгъуэтыфын, ахэр зэрагъэувым и хабзэхэр къэгъэсэбэпын;
-IX классым зыщрихьэл1а зи тхык1эр орфографиемк1э къамыпщытэ псалъэхэм я тхык1э тэмэмыр къэгъэсэбэпын;

**Бзэм зегъэужьынымк1э:**

-Темэ пыухык1ам теухуа тхыгъэ иныр зытепсэлъыхьыр хэчыхьауэ къэ1уэтэжын;
-хэк1ып1ит1-щы къагъэсэбэпурэ доклад гъэхьэзырын ик1и щ1ын;
-статья иным и тезис е конспект тхын; езым къыхаха теухуа сочиненэ тхын.
-сочиненэр егъэф1эк1уэн.

9-нэ классым литературэмк1э программэр зэхэлъхьащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-_Балъкъэр Республикэм ц1ыхубэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымк1э къищта Законхэмрэ концепцэхэмрэ, Егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэм къищта программэм япкъ итк1э.

**Ебгъуанэ классым литературэр щегъэджыным мураду къигъэувыр:**

- художественнэ тхыгъэ яджым теухуауэ сочиненэ – рассужденэ, доклад, реферат ятхыфу егъэсэн;
- еджак1уэхэм художественнэ литературэр зищ1ысыр, ар искусствэ л1эужьыгъуэу зэрыщытыр егъэщ1эн;
- еджак1уэхэм я бзэм, я словарнэ запасым хэгъэхъуэн.

**Ебгъуанэ классым адыгэ литературэр щегъэджыным къалэну къегъэув:**

- Литературэ тхыгъэхэр псэк1э зыхащ1эу,зэпкърахыфрэ абы хэлъ ф1агъхэмрэ щыщ1эныгъэхэмрэ литературэмрэ тхыдэмрэ щыщ щапхъэхэмк1э къагъэлъэгъуэфу
- Литературэ тхыгъэхэр псэк1э зыхащ1эу,зэпкърахыфрэ абы хэлъ ф1агъхэмрэ щыщ1эныгъэхэмрэ литературэмрэ тхыдэмрэ щыщ щапхъэхэмк1э къагъэлъэгъуэфу

  щытыныр.
- Тхыгъ къызэджар зэпкърихыфу щытыныр и бзэмк1э,и гъэпсык1эмк1э.
- Езым я еплъык1эр тхыгъэ укъуэдияк1э къа1уэтэфу , къагъэлъэгъуэфу щытыныр.
- Ныбжьыщ1эхэм литературэм къыхахыу зэхэщ1ык1 лъагэрэ гъэсэныгъэ дахэрэ яхэлъу къэгъэтэджыныр.
- Анэдэлъхубзэм хуэфащэ пщ1э хуащ1у ик1и иригушхуэу къэгъэхъуныр.

- Я бзэм зрагъэужьк1эрэ я зэхэщ1ык1ыр,гупсысэк1эр гурыгъу-гурыщ1эхэр, хьэл-щэныр зэф1эувэныр.

**Зэреджэну тхылъыр:** Бищ1о Б.Ч. « Адыгэ литературэмк1э хрестоматие » 9- класс. Налшык, «Эльбрус», 2012.Хьэк1уащэ А. Х. «Адыгэ литературэмк1э зэреджэн тхылъ» 9 класс.

**Егъуанэ классыр къэзыух еджак1уэм игъуэтыпхъэ щ1эныгъэхэмрэ есэныгъэхэмрэ:**

1.Адыгэ литературэмк1э яджа произведенэхэм я сюжетымрэ абыхэм хэт литературнэ л1ыхъужьхэмрэ;

2. Гук1э зрагъэщ1эн хуейуэ ирата тхыгъэхэр;

3.Гры1уэныгъэ щхьэхуэхэм я щытык1э нэхъыщхьэхэр; адыгэ 1уэры1уатэр, литературнэ псысэр, эпитетыр, усэбзэмрэ прозэбзэмрэ, зэгъэпщэныгъэр, къэгъэпсэуныгъэр.

4. Зыщыгъуазэ художественнэ тхыгъэм 1уэхугъуэ гуэрхэр къыхэгъэбелджылыфык1ын.

5. Яджа художественнэ тхыгъэм къыща1эт 1уэхугъуэхэм зэманрэ къыщ1эхъу щхьэусыгъуэмрэ елъытауэ яку дэлъ зэпыщ1эныгъэхэр ягъэбелджылыфын;

6.Егъэджак1уэм игъэува упщ1эхэм ипкъ итк1э ядж художественнэ тхыгъэм хэт литературнэ л1ыхъужьхэм тепсэлъыхьын;

7. Зыщыгъуазэ художественнэ тхыгъэм тэмэму, ирижэу ик1и гъэхуауэ къеджэфын; къеджэк1эм и хуабжьагъыр псалъищэ- щэрэ- пщ1ырэ зы дакъикъэм;

8. Эпическэ тхыгъэм щыщ пычыгъуэ мыиныр жьэры1уатэуи тхыгъэк1и къэ1уэтэжыфын; литературнэ тхыгъэм хэт л1ыхъу жьым тепсэлъыхьын; литературнэ л1ыхъужьым теухуа жьэры1уатэ рассказ зэхэлъхьэфын;

9. Тхылъ зэджахэм е хрестоматием ит справочнэ аппаратым иригъуэзэн, ахэр дахэ-дахэу къэгъэсэбэпын.

**9-нэ классым щеджэхэм яIэн хуей щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ**

**ЕджакIуэхэм ящIэн хуейщ:**

-тхакIуэм (усакIуэм) и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ теухуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр;

- художественнэ тхыгъэр зытепсэлъыхьыр, зытеухуар;
- тхыгъэ яджым къыхэщ зэманым (лIэщIыгъуэм) и щытыкIэ нэхъыщхьэхэр;
- художественнэ тхыгъэ яджым и сюжетыр, и ухуэкIэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр, образхэм я ухуэкIэр;
- ядж тхыгъэхэм персонажхэм щагъэзащIэ къалэныр;
- литературэм художественнэ образым, литературэ сурэтым, типым, романтизмэм, реализмэм теухуа гурыIуэныгъуэхэр;
- гукIэ зэрагъэщIэн хуейуэ школ программэм къыщыгъэлъэгъуа художественнэ тхыгъэхэмрэ пычыгъуэхэмрэ.

**ЕджакIуэхэм яхузэфIэкIын хуейщ:**

- тхакIуэм (усакIуэм) къигъэлъагъуэ теплъэгъуэхэмрэ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэмрэ я нэгу къыщIэгъэхьэжыныр;
- тхыгъэр щызэпкърахкIэ абы и идейнэ-художественнэ щытыкIэр гъэбелджылыныр;
- тхыгъэр зыщыщ литературэ пкъыгъуэр (родыр) къащIэну (эпос, лирикэ, драмэ);
- Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр къахутэныр;
- литературэ тхыгъэм и купщIэр, и мыхьэнэр гъэнэхуэнымкIэ художественнэ Iэмалхэм, сюжетым, тхыгъэм и ухуэкIэ (композицэм), хэт образхэм я къалэныр къэхутэныр;

- художественнэ тхыгъэм и къалэн нэхъыщхьэр убзыхунымкIэ литературэ лIыхъужьхэм я мыхьэнэр къэхутэныр;
- литературэ лIыхъужьхэмрэ художественнэ тхыгъэхэмрэ теухуауэ яIэ зэхэщIыкIыр тэмэму къыбгурагъэIуэныр;
- художественнэ нэгъуэщI тхыгъэхэм гъэхуауэ, ирижэу макъкIэ къеджэныр;
- жьэрыIуатэу икIи тхыгъэкIэ къаIуэтэнум и план зэхэлъхьэныр;
- литературэ критикэ тхыгъэм и планрэ конспектрэ зэхэлъхьэныр;
- къызэджа художественнэ тхыгъэм, зэплъа кинофильмым, теленэтыным, .спектаклым теухуа рецензэ хуэтхыныр;
- псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ зэрыгъуазэ лэжьыгъэхэмрэ къагъэсэбэпыныр.

**10-нэ классым** литературэмк1э программэр зэхэлъхьащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ц1ыхубэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымк1э къищта Законхэмрэ концепцэхэмрэ, Егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэм къищта программэм япкъ итк1э.

**Епщ1анэ классым литературэр щегъэджыным мураду къигъэувыр:**

Литературэр убгъуауэ джыным кърок1уэ еджак1уэхэм я бзэм зиузэщ1ыныр,
- ф1агъ-дахагъым и хабзэхэр бзэм зэригъэшэрыуэ 1эмалхэр къагуры1уэныр;
-лъэпкъ литературэм и зыужьык1эмрэ и щытык1эмрэ щыгъуэзэныр;
-художественнэ тхыгъэр ф1агъ-дахагък1э зэпкърихыфу есэныр.
- художественнэ тхыгъэ яджым теухуауэ сочиненэ – рассужденэ, доклад, реферат ятхыфу егъэсэныр;
- еджак1уэхэм художественнэ литературэр зищ1ысыр, ар искусствэ л1эужьыгъуэу зэрыщытыр егъэщ1эныр;
- еджак1уэхэм я бзэм, я словарнэ запасым хэгъэхъуэныр.

X классым и программэм къызэщ1еубыдэ адыгэ тхак1уэхэмрэ усак1уэхэмрэ ятха тхыгъэ нэхъыф1хэм щыщхэр. Мы классхэм тхак1уэхэм я литературнэ лэжьыгъэхэр зэрыщаджым къыдэк1уэу, дэтхэнэ тхак1уэми усак1уэми и гьащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгьэмрэ еджак1уэхэр щыгъуазэ ещ1. Тхак1уэхэм я тхыгъэу программэм къыщыгьэлъэгъуахэр мыгъэк1эщ1ауэ яджын хуейщ.

Егъэджэныгьэр къызэрызэрагъэпэщ формэ нэхъышхьэу щыт урокым щ1ыгьуу ищхьэ классхэм убгъуауэ къыщагъэсэбэп лекцэхэр, семинарскэ лэжьыгъэхэр, зэпсэлъэныгъэхэр, практикумхэр, консультацэхэр.

Егъэджэныгъэр къызэрызэрагъэпэщ формэ нэхъышхьэу щыт урокым щ1ыгьуу ищхьэ классхэм убгъуауэ къыщагъэсэбэп лекцэхэр, семинарскэ лэжьыгъэхэр, зэпсэлъэныгъэхэр, практикумхэр, консультацэхэр.

Къыпэщыт егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ къалэнрэ я ныбжъ елъытак1э еджак1уэхэм я1э хузэф1эк1ыныгъэрэ тещ1ыхьауэ, литературэр еджап1эм зэрыщаджыр лъэхъэнит1у зэщхьэщагъэк! Абыхэм япэ кьохуэ пэщ1эдзэ классхэм еджэныгъэмк1э щрагъэкуэк1 хэзышэ, хуэзыгъэхьэзыр курсыр.

Программэм увып1эшхуэ щеубыд еджак1уэхэм я гупщысэр жьэры1уатэуи тхыгъэк1и къа1уэтэфу егъэсэным, Абы къыхэк1к1э дэтхэнэ зы урокми бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэ гуэр щегъэк1уэк1н хуейуэ программэм къегъэув. Ар дыдэмк1э бзэмрэ литературэмрэ егъэджыным яку зэпыщ1эныгъэ дэлъыныр программэм убзыхуа щохъу.

Абы къыдэк1уэу программэм гулъытэшхуэ щыхуэщ1ащ жьэры1уатэу е тхьыгъэк1э хъыбар гуэрхэр кьэ1уэтэжыным, сурэтхэм теухуа сочиненэ еджак1уэхэм ятхыным, езыхэм я нэгу щ1эк1а 1уэхугъуэ гуэрхэм тепсэлъыхьыжыным. Абыхэм хуегъэджэн ик1и апхуэдэ лэжьыгъэхэр егъэк1уэк1ын папщ1э, программэм класс кьэс шхьэхуэу зэман пыухык1а хухех.

Художественнэ тхыгъэхэм я эмоционально-эстетическэ гъэсэныгъэмк1э мыхьэнэшхуэ и1эщ тхак1уэм и гъащ1эм е тхыгъэхэм кьыщыгъэлъэгъуа историческэ 1уэхугъуэхэм теухуауэ, е нэхъапэм яджа, щыгъуазэ зыхуэхъуа художесгвеннэ тхыгъэ гуэрхэр иджы яджым егъэпщэным теухуауэ, е сурэтхэм нэ1уасэ хуэщ1ыным, нэгъуэщ1хэми теухуауэ егъэджак1уэм иригъэк1уэк1 хэзыгъэгъуазэ е зэпкърызых лэжьыгъэм.

Художественнэ тхыгъэм къеджа нэужьк1э, ар зытепсэлъыхьыр ягурыгъэ1уэнымк1э щ1адзэ. Абык1э ирагъэк1уэк1 лэжьыгъэр и теплъэк1и и зэхэлъык1эк1и зэмыл1эужьыгъуэу щьтынк1э хъунущ, п с а л ъ э м п а п щ I э, апхуэдэхэщ: упщ1эхэм жэуап етын, планыншэу (план къамыгъэсэбэпу) къэ1уэтэжын, щ1агъуэ хамылъхьэу (езы текстым къи1уэтэжым и гъунэгъуу) е к1эщ1у къэ1уэтэжын. Темэ щхьэхуэхэм яхуэфэщэн цигатэхэр къыхэхын, пычыгъуэ щхьэхуэхэр зытепсэлъыхьыр нэхъыф1у къагуры1уэнымк1э нэхъ гу зылъытапхъэу хэтхэм кънтегъэзэжурэ къеджэн.

Еджак1уэхэм ящ1э псалъэ бжыгъэхэм хэхъуэнымк1э хэк1ып1э инхэр къыдат художественнэ тхыгъэхэм я щапхъэ нэхъыф1хэм. Абы и лъэныкьуэк1э словарнэ лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ и1эщ. Литературнэ къеджэныгъэ урокым щадж тхыгъэм ущрохьэл1э зи мыхъэнэр еджак1уэхэм къагурымы1уэ е текстым къызэрыщыхьа елъытак!э зи мыхьэнэм щымыгъуазэ псалъэхэм.

Адыгэ литературэр монографическэу джыныр щыщ1адзэр 1Х-нэ классым ик!и адэк1э щыпещэ Х-нэ, Х1-нэ классхэм. Мыбы япэк1э еджак1уэхэм тхак1уэхэмрэ усак!уэхэмрэ зэращ1эу щытар ахэм я тхыгъэ е усыгъэ щхьэхуэхэрамэ, мы классым щыщ1эдзауэ программэм сыхьэт бжыгъэ щи1ыгьыу хыхьэ дэтхэнэ авторми и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ къызэщ1эубыдауэ, убгъуауэ, куууэ яджынущ. Апхуэдэ кьабзэу нэхъ убгъуауэ ик1и нэхъ гупсэхуу еджак1уэхэм щыгъуазэ зыхуащ1ынущ литературэм и теориеми: хъуэхъум, хъуэрыбзэм, адыгэ уэрэдыжъым, пейзажымрэ пейзажнэ лирикэмрэ, историческэ, эпическэ, лирическэ, лироэпическэ тхыгъэхэм, лирическэ л1ыхъужьымрэ лирическэ отступленэмрэ, литературэм и жанрхэм, портретнэ характеристикэмрэ авторскэ монологымрэ, тхак1уэ, усак1уэхэм я хъэт1ым (стилым), усэм и зэпкърылъык1эмрэ усэ зэхэлъык1э хабзэхэмрэ, драматическэ тхыгъэхэм, литературнэ критикэмрэ литературоведенэмрэ, нэгъуэщ1хэми.

Программэр зэрыухуамк1э, ебгъуанэ классыр къауха нэужьк1э, еджап1эм щ1эк1 ныбжьыщ1эхэм адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэт1ылъа ди классикхэр ящ1эхэу, ахэм я гъащ1эмрэ я 1эрык1ымрэ ф1ыуэ щыгъуазэхэу щьтын яхузэф1эк1ынущ, нэгъуэщ1у жып1эмэ, къэбэрдей литературэм купщ1э хуэхъуар ящ1энущ. Аращ и щхьэусыгъуэр ди тхак1уэ, усак1уэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщу нэхъыф1хэм я творчествэр 1эмал зэри1эк1э а классым щаджын хуейуэ программэм кьыщ1игъэувыр.

Х классым еджак1уэхэм нэ1уасэ зыхуащ1ынухэщ ди тхак1уэ, усак1уэ нэхъыжь дыдэхэм ящымыщми, ахэм ныбжьк1э як1элъык1уэ, ди литературэр л1ып1э изыгъэувахэм.

Программэм гулъыпэшхуэ щыхуащ1ащ классщ1ыб еджэныгъэмрэ еджак1уэхэм я бзэм зегъэужьынымрэ.

Литературэмк1э урокхэм дыщ1агъу факультативнэ лэжьыгъэхэри классщ1ыб лэжьыгъэри, кружокхэм щрагъэк1уэк1 лэжьыгъэхэри; утренникхэр, музей, театрхэм шэныр, концертхэм, кинофильмхэм еплъыныр, литературнэ краеведениер, нэгъуэщ1хэри.

**Епщ1анэ классым адыгэ литературэр щегъэджыным къалэну къегъэув:**

- Ныбжьыщ1эхэм литературэм къыхахыу зэхэщ1ык1 лъагэрэ гъэсэныгъэ дахэрэ хэлъу къэгъэтэджыныр;
- Ц1ыхум и щапхъэхэр, гуп хэтык1э хабзэхэр благъэми хамэми яхуэфащэ пщ1эмрэ нэмысымрэ къагуры1уэу, Хэкур ф1ыуэ ялъагъуу, дэтхэнэми лъысыпхъэ пщ1эр хуащ1ыжу къэгъэхъуныр;
- Литературэ образ щыпкъэхэр я гъуазэу щ1эблэр жылагъуэ гъащ1эм хэшэныр, ц1ыхубэм хигъэщхьэхук1а лъап1эныгъэ нэхъыщхьэхэр къыгуры1уэу, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ хуэпэжу къэгъэхъуныр;

- Къэралымрэ унагъуэмрэ я пащхьэ щихь жэуаплыныгъэхэр зыхегъэщ1эныр, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуныгъэр гъэбыдэным, ц1ыхухэм шынагъуэншагъэ псэук1э къахузэгъэпэщыным и бэнак1уэу къэгъэтэджыныр;
- Анэдэлъхубзэм хуэфащэ пщ1эр хуащ1у ик1и абы иригушхуэу къэгъэхъуныр;
- Лъэпкъ литературэм и тхыдэмрэ и нобэрей щытык1эмрэ кууэ щыгъуэзэныр;
- Ц1ыхугъэм, гущ1эгъулыныгъэм хуэгъэсэн, нэгъуэщ1 лъэпкъ культурэхэм, динхэм шы1эныгъэрэ зыхэщ1ык1рэ хуа1эу гъэсэныр

**Адыгэ литературэр егъэджыныр къызэгъэпэщыпхъэщ компетентностнэ (лъэк1ыныгъэхэм зезыгъэужь) бгъэдыхьэк1эм тету. Абы тещ1ыхьауэ епщ1анэ классым зыщауж**ь:

- коммуникативнэ (зэрызэгуры1уэ, зэрызэпыщ1а) компетенцэхэм,
- культуроведческэ компетенцэхэм.
- Епщ1анэ классым щеджэ еджак1уэхэм адыгэбзэмк1э ягъэзэщ1апхъэ лэжьыгъэхэр, я зэф1эк1хэр, щ1эныгъэр егъэф1эк1уэнымк1э ахэр зыхуэунэт1ахэр (компетенцэ елъытауэ)
- Щ1эныгъэм и ф1агъыр къэзыгъэлъагъуэ унэт1ыныгъэхэр:
    - предметымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (предметные компетенции)
    - гъащ1эм, ц1ыхухэм яхэтынымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (социальные компетенции)
    - культурэ куэдым хэзэгъэнымк1э, ар зыхащ1энымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (поликультурные компетенции)
    - информацэ зэхуэхьэсыным, абы и къэгъэсэбэпык1эм ехьэл1ауэ ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (информационные компетенции)
    - гъэсэныгъэ елъытауэ ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (общекультурные компетенции).

**Еджак1уэхэр зэреджэну тхылъыр.**

1. Адыгэ литературэ.10 класс Хрестоматие. «Эльбрус» 2012 гъ. Авторыр: Балэ Л.Ф.
2. Адыгэ литературэ 10 класс учебник . Налшык «Эльбрус» 2009 гъ Авторыр: Ержыб А.К.

**Епщ1анэ** классым адыгэ литературэмк1э и программэр джыным сыхьэти 102-рэ хухах, тхьэмахуэм сыхьэтищ ирет.
**Епщ1анэ классыр къэзыух еджак1уэм игъуэтыпхъэ щ1эныгъэхэмрэ есэныгъэхэмрэ.**

- Лъэпкъ тхак1уэ пажэхэм гъащ1эмрэ я литературэ гъуэгъуанэмрэ;
- Литературэ тхыгъэр зытеухуар гъэхуауэ къи1уэтэжыныр;
- Иджа тхыгъэр зытеухуар, абы къыщыхъу – къыщыщ1эхэр;
- Художественнэ тхыгъэр анализ щ1ыныр;
- Художественнэ тхыгъэр жылагъуэ гъащ1эм егъэпщэныр, щэнхабзэм дежк1э абы имыхьэнэр гъэбелджылыныр;
- Тхыгъэр зыхыхьэ пкъыгъуэр, жанрыр зэхэгъэк1ыныр;
Литературэ тхыгъэ зэмыл1эужьыгъуэхэр зэгъэпщэныр;
- Тхак1ум и 1уэху еплъык1эр къыхэгъэбелджылык1ыныр;
- зэджа тхыгъэм зригъэгупсысахэм, абы къыщы1эта 1уэхугъуэхэм зэхэщ1ык1ыгъуэу тепсэлъыхьыжыныр.

**10-нэ классым щеджэхэм литературэмк1э ягъэзэщ1эн хуей лэжьыгъэхэр.**

**Жьэры1уатэу:**

- Художественнэ тхыгъэм гъэхуауэ, зыхэщ1эгъуэу къеджэн;
- Еджак1уэхэм къа1уэтэжынум и план зэхегъэлъхьэн;
- Художественнэ тхыгъэ яджам теухуауэ я гупсысэхэр жегъэ1эн.

**Тхыгъэк1э:**

- публицистикэ, критикэ тхыгъэхэм теухуа конспект, план, тезис хуэдэхэр зэхэлъхьэн;
- публицистикэм и нэщэнэхэр хэлъу сочиненэ тхын;
- зы лэжьыгъэм е зыбжанэм ипкъ итк1э литературэ темэ гуэрым теухуа докладрэ рефератрэ тхын;
- езыр-езыру зэджа тхылъым (тхыгъэм), зэплъа кинофильмым, теленэтыным, спектаклым теухуа сочиненэ тхын

**Еджак1уэхэм яхузэф1эк1ын, ящ1эн хуейуэ къигъэувхэр**

**Еджак1уэхэм ящ1эн хуейщ:**
- адыгэ тхак1уэхэмрэ усак1уэхэмрэ я гъащ1эмрэ я литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа 1уэхугъуэхэр;
- тхыгъэ яджым кьыхэщ зэманым (л1эщ1ыгъуэм) и щытык1э нэхъыщхьэхэр;
- художественнэ тхыгъэ яджым и сюжетыр, и ухуэк1эм и1э нэщэнэ нэхъыщхьэхэр, образхэм я ухуэк1эр;
- ядж тхыгъэхэм персонажхэм ща1э мыхьэнэр;
- художественнэ образым, художественнэ тхыгъэм, литературнэ щытык1эхэм, литературнэ портретым, типым теухуа гуры1уэныгъэ;
- гук1э зрагъэщ1эн хуейуэ школ программэм къыщыгъэлъэгъуа художественнэ тхьгъэхэмрэ пычыгъуэхэмрэ.

**Еджак1уэхэм яхузэф1эк1ын хуейщ:**
- тхак1уэм (усак1уэм) кьигъэлъагъуэ теплъэгъуэхэмрэ 1уэхугъуэ щхьэхуэмрэ я нэгу къыщ1агъэхьэжын;
- тхыгъэр щызэпкърахк1э абы и идейно-художественнэ щытык1эр къыхалъытэн;
- тхыгъэр зыщыщ литературнэ л1эужьыгъуэхэр (родыр) къащ1эфын (эпос, лирикэ, драмэ);
- проблемэ нэхъыщхьэхэр къахутэн;
- литературнэ тхыгъэм и идейно-художественнэ мыхьэнэр къэхутэнымк1э изобразительнэ 1эмалхэм, сюжетым, тхыгъэм и ухуэк1эм (композицэм), хэт образхэм я кьалэныр къахутэн;
- художественнэ тхыгъэм и къалэн нэхъыщхьэр убзыхунымк1э литературнэ л1ыхъужьхэм я мыхьэнэр къахутэн;
- литературнэ л1ыхъужьхэмрэ художественнэ тхыгъэхэмрэ хуа1э щытык1эм и щхьэусыгъуэр къыжа1эжын.
- художественнэ, литературнэ, критическэ тхыгъэхэм тэмэму, псынщ1эу, зэхэщ1ык1ыгъуэу макъкък1э къеджэн;
- жъэры1уатэу ик1и тхыгъэк1э къа1уэтэнум и план зэхалъхьэн;
- литературно-критическэ тхыгъэм и планрэ конспектрэ зэхалъхьэн;
- литературнэ темэ гуэрым теухуа доклад е реферат ягъэхьэзрын (зы источникым ипкь итк1э);
- къызэджа художественнэ тхыгъэм, зэплъа кинофильмым, телевизионнэ кьэтыныгъэм, спектаклым теухуа рецензэ (е отзыв) ятхын;
- псалъалъэхэр, энциклопедическэ справочникхэр, библиографическэ указателхэр къагъэсэбэпын, ягъэ1эрыхуэн.

**11-нэ классым** адыгэбзэмк1э зэрыщылажьэ программэр зэхэлъхьащ , Урысей Федерацэм, Къэбэрдей_Балъкъэр Республикэм ц1ыхубэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымк1э къищта Законхэмрэ концепцэхэмрэ япкъ итк1э.

**Епщык1узанэ классым адыгэбзэр щегъэджыным мураду къигъэувыр:**

- 5 – 9 классхэм лексикэм, фонетикэм, грамматикэм, пэжырытхэм ехьэл1ауэ яджахэр къызэщ1экъуэжын, къэпщытэжын.
- изложенэ, сочиненэ щытык1э и1эу тхынымк1э я1э есэныгъэм хэгъэхъуэн ;
- пэжырытхэм теухуауэ я1э есэныгъэр егъэф1эк1уэн.

**Епщык1узанэ классым адыгэбзэр щегъэджыным къалэну къегъэув:**

- адыгэбзэ грамматикэм и бзэщ1эныгъэм щыщ 1ыхьэхэм теухуауэ я1э щ1эныгъэр нэхъ куу щ1ын;
- еджак1уэхэм я бзэр шэрыуэу, я гупсысэр жьэры1уатэуи тхыгъэк1и къызэра1уэтэфын зэф1эк1 егъэгъуэтын;
- бзэм и къулеягъым гулъытэ хуэщ1ыным егъэсэн ик1и а къулеягъыр зэгъэгъуэтыным хущ1экъун

-ц1ыхугъэм, гущ1эгъулыныгъэм хуэгъэсэн, нэгъуэщ1 лъэпкъ культурэхэм, динхэм шы1эныгъэрэ зыхэщ1ык1рэ хуа1эу гъэсэныр

-иджыпсту щы1э информационнэ къулеягъым хэплъэфу, зыхуейр хуэ1эзэу къагъэсэбэпыфу егъэсэныр.

Зэреджэну тхылъыр – Джаурджий Хь.З., Дзасэжь Хь.Е. Адыгэбзэ, 11 класс, 1-11 1ыхьэхэр, Налшык, «Эльбрус» 2010 гъ.

XI классым адыгэбзэмкIэ и программэм къызэщIиубыдэр сыхьэт 34-щ. Ар и купщIэкIэ зытещIыхьар XI классым щIэс, балигъыпIэ иувэ ныбжьыщIэм адыгэбзэм и зэхэлъыкIэм ехьэлIа щIэныгъэ хьэзыр епт къудейкIэ зэфIэмыкIыу, материалым езы еджакIуэр кууэ игъэгупсысэу, и гукъэкIыр тэмэму и псэлъэгъум и деж нихьэсыфу, абы щыгъуэми нихьэс къудейкIэ зэфIэмыкIыу, а и псэлъэгъуэр и зэхэщIыкIкIэ, гупсысэкIэкIэ, бгъэдэлъ щIэныгъэкIэ зыхиубыдэ общественнэ гупым елъытауэ, уеблэмэ и гупсысэр къыщиIуатэкIэ зыхэхуа цIыху гупым, Iуэху щытыкIэм (ситуацие жыхуэтIэм, псалъэм папщIэ, гуфIэгъуэм, гузэвэгъуэм, хъуэхъу Iэнэм, утыку псэлъапIэм щитым деж, доклад щищIым, н.къ.) къигъэсэбэпыпхъэ псалъэхэмрэ псэлъэкIэмрэ зэхэхауэ зэхигъэкIыфу егъэсэн зэрыхуейрщ.

ЕджакIуэм зэхищIыкIын хуейщ бзэр лъэпкъым къыдалъхуауэ, ар зыIурылъ зэлъэпкъэгъухэм (зы унагъуэ исхэм, зы жылагъуэ дэсхэм, уеблэмэ зы хэку ис адыгэхэм) я гурылъхэр, гурыгъу-гурыщIэхэр ирызэхуаIуэтэф къудейкIэ зэфIэмы кIыу, бзэм и пщэ нэгъуэщI къалэнышхуэхэри къызэрыдэхуэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, ар, къэралыбзэ къалэн игъэзащIэу, лъэпкъ зэхуэмыдэхэр зэрызэгурыIуэ Iэмэпсымэу щытыныр, лъэпкъым и тхыдэр, и хабзэ зехьэкIэр, и гупсысэкIэр, и жагъуэмрэ и щIасэмрэ, и нэщэнэхэр, нэхъ убгъуауэ жыпIэнумэ, и философиер къыхэщыныр.

Абы и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, XI классым адыгэбзэмкIэ и программэр еджакIуэм и акъылым, гупсысэкIэм, зэхэщIыкIым зиузэщIын папщIэ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ Iуэхугъуищу зэхэгъэуващ:

1. ПсэлъэкIэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ягъуэтын хуей щIэныгъэр.

2. БзэщIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъхьапхъэхэр.

3. Лъэпкъым и хабзэм, щэнхабзэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр бзэ и лъэныкъуэкIэ къэгъэлъэгъуа зэрыхъум ехьэлIауэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъыпхъэ щIэныгъэр.

**ПсэлъэкIэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ягъуэтын хуей щIэныгъэр**:

Бзэр цIыхум и гупсысэр къызэриIуатэ Iэмал нэхъыщхьэу зэрыщытыр. ГъащIэм зыщрихьэлIэ Iуэхугъуэхэм елъытауэ цIыхум и псэлъэкIэр зэрызэщхьэщыкIыр: IуэхущIапIэм, зэхыхьэ зэхуэмыдэхэм щекIуэкI псэлъэкIэр, утыку псэлъэкIэр, цIыхур зыхэхуэ гупым ныбжькIэ зэщхьэщыхауэ хэтхэм зэрепсэлъапхъэ щIыкIэхэр.

Бзэм и стилхэр: щIэныгъэ (научнэ), Iуэху зэрызэрахьэ (официальноделовой), публицистическэ стилхэр. Абыхэм ябгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр.

ЖьэрыIуатэбзэмрэ художественнэ литературэм и бзэмрэ.

ЩIэныгъэ (научнэ) стилыр зищIысыр, бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр, къыщагъэсэбэпыр, и къалэнхэр. ЩIэныгъэ стилым тету ятх хабзэ лэжьыгъэхэр: докладыр, статьяр, тезисхэр, конспектыр, рефератыр, аннотацэр, н.

Iуэху зэрызэрахьэ (официально-деловой) стилыр зищIысыр, бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэр, къыщагъэсэбэпыр, и къалэнхэр. Iуэху зэрызэрахьэ стилым и пщалъэм иту ягъэхьэзыр тхыгъэхэр: лъэIу тхылъ (заявление), распискэ, резюме, хъыбарегъащIэ, н.

Публицистическэ стилыр зищIысыр, къыщагъэсэбэпыр, и къалэнхэр. Публицистическэ стилым и жанр нэхъыщхьэхэр.

Утыку псэлъэкIэм и нэщэнэхэр, абы зэрызыхуагъэхьэзыр Iэмал нэхъыщхьэхэр: къэпсэлъыныгъэм и мурадыр, псалъэмакъыр зэрыухуэн хуей щIыкIэр, зытепсэлъыхьыпхъэ Iуэхугъуэхэм я къызэгъэпэщыкIэр. Псалъэр зыхуэгъэзахэм я лъэпкъ (национальность), зэхэщIыкI, я IэщIагъэ, щIэныгъэ елъытакIэ къэпсэлъэныгъэр зэрыухуапхъэр.

ЖьэрыIуатэбзэр зищIысыр, бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр, къыщагъэсэбэпыр, и къалэнхэр.

Iэпэтэрмэш зэпсэлъэкIэр. ЦIыхум и псэлъэкIэр нэхъ гъэдэхэн, егъэфIэкIуэн и лъэныкъуэкIэ лэжьыпхъэхэр.

ЖьэрыIуатэбзэмрэ тхыбзэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр, абыхэм щыщу дэтхэнэми бгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр.

Псалъэгъум къиIуатэм Iэдэбу, нэмыс пхэлъу зэредэIуапхъэр.

Жанр зэхуэмыдэхэм тету тха текстхэм я елэжьыкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Адыгэбзэр урысыбзэкIэ зэдзэкIыным ехьэлIа щхьэхуэныгъэхэр.

Еджак1уэхэм яхузэф1эк1ын хуейщ:

Къэбэрдей-шэрджэсыбзэр зыхиубыдэ бзэ лъэпкъхэр. Бзэм и къэкIуэкIэ нэхъыщхьэхэр: литературэбзэр, къызэрыгуэкI псэлъэкIэр, IэщIагъэм епха псалъэхэр, псэлъафэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Литературэбзэмрэ художественнэ тхыгъэхэм я бзэмрэ.

ПсэлъэкIэм и щэн нэхъыщхьэхэр: цIыхур зыхэхуэ гуп елъытауэ жыIэпхъэхэмрэ бзэщIэныгъэхэмрэ. Псалъэр жызыIэм и гупсысэр тэмэму, нахуэу, зэкIэлъыкIуэу, гъэхуауэ, гъэщIэгъуэну къызэрыIуэтапхъэр.

Орфоэпие (къэпсэлъыкIэ) и лъэныкъуэкIэ адыгэбзэм щызекIуэ хабзэхэр: псалъэпкъыр пычыгъуэ зэIухакIэ е зэхуэщIакIэ иухмэ, ударенэр зытехуэ пычыгъуэр; макъ дэкIуашэ жьгъыжьгъхэмрэ дэгухэмрэ зэбгъэдэту зыхэт псалъэхэм, нэгъуэщIыбзэм щыщу адыгэбзэм къыхыхьа псалъэхэм, определенэрэ абы игъэбелджылы псалъэрэ зыхэт псалъэ зэпхахэм я къэпсэлъыкIэр.

Лексикэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъхьэпхъэ щIэныгъэр. Псалъэухам хэт дэтхэнэ псалъэми къикI мыхьэнэ и лъэныкъуэкIэ тэмэму къыхэхауэ къэгъэсэбэпыныр гупсысэр узэщIауэ къэIуэтэным и шэсыпIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Стилистикэ и лъэныкъуэкIэ псалъэухар гъэхуауэ къызэгъэпэщын папщIэ синоним зэхуэхъу псалъэхэм щыщу гупсысэр нэхъ купщIафIэу къэзыIуэтэф псалъэхэр къыхэхыныр. Псалъэжьхэм, псалъэ шэрыуэхэм жьэрыIуатэбзэмрэ тхыбзэрэ щагъуэтыпхъэ къэгъэсэбэпыкIэр.

Грамматикэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэплъхьэ щIэныгъэр.

ЕкIуныгъэ, зегъэкIуныгъэ зэпхыкIэхэр зи яку дэлъ псалъэ зэпхахэр тэмэму зэрызэхэгъэувапхъэр. Послелог зи гъусэ псалъэхэм, псалъэ зэпхахэм я къэкIуэкIэ тэмэмыр. Псалъэухам хэт псалъэхэм я зэкIэлъыкIуэкIэр. ЗэкIэлъыкIуэкIэ къызэрыгуэкI (прямой) зиIэ псалъэхэр зыхэт псалъэухахэмрэ зэкIэлъыкIуэкIэ зэблэгъэувыкIа (инверсивнэ) зиIэ псалъэухахэмрэ я ухуэкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Инверсиер зищIысыр, нэхъыбэрэ къыщагъэсэбэпыр, къэгъэсэбэпын хуей щIэхъу щхьэусыгъуэхэр. Сказуемэмрэ подлежащэмрэ, сказуемэмрэ дополнениемрэ яку дэлъ синтаксическэ зэпхыкIэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Пкъыгъуэ пыщхьэхукIа зыхэт псалъэуха къызэрыкIуэ гъэгугъуахэмрэ псалъэуха гуэдзэ зыхэт псалъэуха зэхэлъ-зэпхахэмрэ я ухуэкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Псалъэуха гуэдзэмрэ причастнэ оборотымрэ синоним зэхуэхъуу бзэм къызэрыщыкIуэр.

Орфографие и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъын хуей щIэныгъэр. Адыгэбзэм и орфографиер зытет принцип нэхъыщхьэхэр (морфологическэ, фонетическэ, условнэ, н.) псалъэ зэпхам хэт псалъэхэр зэпыту//зэпыхауэ тхыным и Iуэхур. ХьэрфышхуэкIэ къэрагъажьэ псалъэхэр, псалъэухахэр, ар зэлъытар. Псалъэхэм я ехьэкIыкIэр. Макъ дэкIуашэ пIытауэ тIу зэбгъэдэту узрихьэлIэ псалъэхэм я тхыкIэр. Макъ дэкIуашэ у-м и ужькIэ, префикс р-м и пэкIэ макъзешэ ы тхын//мыхыным и IуэхукIэ.

Пунктуацэ и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъыпхъэ щIэныгъэр. Адыгэбзэм и пунктуацэм къызэщIиубыдэ хабзэ нэхъыщхьэхэр. Псалъэухам и кIэм ягъэув нагъыщэхэр. Псалъэуха гъэгугъуам и кIуэцIкIэ щагъэув нагъыщэхэр. Псалъэуха зэхэлъым и кIуэцIкIэ щагъэув нагъыщэхэр. Псалъэ занщIэ зыхэт псалъэухам и кIуэцIкIэ щагъэув нагъыщэхэр. Абзацыр зищIысыр, къыщагъэсэбэпыр.

Адыгэ псалъалъэхэм я лIэужьыгъуэхэр: орфографическэ, этимологическэ, толковэ, фразеологическэ псалъалъэхэр, урыс-адыгэ, адыгэ-урыс псалъалъэхэр. Абыхэм ябгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр, ахэр къыщагъэсэбэп, къызэрагъэсэбэп щIыкIэхэр.

**Лъэпкъым и хабзэм, щэнхабзэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр бзэ и лъэныкъуэкIэ къэгъэлъэгъуа зэрыхъум ехьэлIауэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъыпхъэ щIэныгъэр**

Бзэр зыIурылъ лъэпкъым и дуней тетыкIэр, дуней еплъыкIэр, и гупсысэкIэр, къыдэгъуэгурыкIуэ лъэпкъ хабзэр и бзэм къызэрыхэщыр. Адыгэ унагъуэм, адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкI хьэпшыпхэмрэ зэрихьэ Iуэхухэмрэ къэзыгъэлъагъуэ (къызэрыкI) псалъэхэр. Зэгуэрым лъэпкъым къигъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэр къызэрыкI псалъэхэр (историзмхэр).

IуэрыIуатэм и бзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Адыгэбзэм и фразеологиер. Адыгэ псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ. АдыгэцIэхэмрэ адыгэ унэцIэхэмрэ.

Адыгэхэм Iуэху зыхуаIэу щыта е щыт нэгъуэщI лъэпкъхэм я бзэм къыхэкIыу адыгэбзэм къыхыхьа псалъэхэр, ахэр адыгэхэм къагъэсэбэпын хуей щIэхъуар. Адыгэбзэм щыщу нэгъуэщI лъэпкъхэм я бзэм хыхьа псалъэхэр. Адыгэхэм я гъунэгъу лъэпкъхэм я хабзэхэр, дуней тетыкIэр, гупсысэкIэр адыгэбзэм къызэрыхэщыр.

**11 – нэ** классым литературэмк1э программэр зэхэлъхьащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ц1ыхубэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымк1э къищта

Законхэмрэ концепцэхэмрэ, Егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэм къищта программэм япкъ итк1э.

Программэр зэхэгъэуващ «5-11-нэ классхэм папщ1э «Адыгэ (Къэбэрдей – Шэрджэс) литературэ» Редакторыр : Т1ымыжь Хь.Т.Налшык – 2010гъэ.

**Епщык1узанэ классым литературэр щегъэджыным мураду къигъэувыр:**

- тхак1уэм е усак1уэм и тхыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуа л1ыхъужьыр сыт и лъэныкъуэк1и къагъэлъэгъуэфу, зэпкърахыфу егъэсэн;
- тхыгъэ къызэджам хуа1э щык1эр, ар къазэрыщыхъуар къызэра1уэтэжыфым теухуауэ я щ1эныгъэм хэгъэхъуэн.

**Епщык1узанэ классым литературэр щегъэджыным къалэну къегъэув:**

- гъащ1эмрэ искусствэмрэ хэлъ дахагъэм хуэфэщэн пщ1э хуащ1ыфу егъэсэн;
- литературэмк1э зэджа тхыгъэхэр зэпкърахыфу, тэмэму тепсэлъыхьыжыфу щытыным хущ1экъун;
- езыр – езыру художественнэ тхыгъэхэм къеджэу, абы тепсэлъыхьыжыфу зэпкърахыфу егъэсэн;
- анэдэлъхубзэм и къулеягъэм, и дахагъэм, шэрыуагъэм гу лъегъэтэн;
- зэджа произведенэхэм тхыгъэк1э тэмэму, зэк1элъыхьауэ тепсэлъыхьыжыфу есэным хущ1экъун.

Литературэр псалъэм и искусствэщ, искусствэ л1эужьыгъуэхэм щыщу нэхъыбэ къызэщ1эзыубыдэ, на1уэу щыт ик1и гум къинэж образхэмк1э ц1ыхухэм я гъащ1эр къэзыгъэлъагъуэщ.

Общеобразовательнэ, къуажэ лъэпкъ еджап1эм и реформэ егъэк1уэк1ыным и унэт1ыныгъэ нэхъыщхьэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуащи, мыхьэнэшхуэ зи1э къалэнщ еджак1уэхэм художественнэ щ1эныгъэрэ эстетическэ гъэсэныгъэрэ етыныр.

Художественнэ литературэр школым зэрыщаджым къызэщ1еубыдэ адыгэ литературэм и тхыгъэ нэхъыф, зи зэхэлъык1эрэ ухуэк1эк1э еджак1уэхэм я ныбжьрэ щ1эныгъэк1э къезэгъхэр. Литературэм и теориемрэ тхыдэмрэк1э нэхъ гу зылъытапхъэ гуры1уэгъуэхэр, абы къыдэк1уэу адыгэбзэм и къулеягъэм, и шэрыуагъэм, дахагъэм еджак1уэхэр щызыгъэгъуазэ 1уэхугъуэхэр, къинэмыщ1хэри.

Программэм увып1эшхуэ щеубыд еджак1уэхэм я гупщысэр жьэры1уатэуи тхыгъэк1и къа1уэтэфу егъэсэным, Абы къыхэк1к1э дэтхэнэ зы урокми бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэ гуэр щегъэк1уэк1н хуейуэ программэм къегъэув. Ар дыдэмк1э бзэмрэ литературэмрэ егъэджыным яку зэпыщ1эныгъэ дэлъыныр программэм убзыхуа щохъу.

Абы къыдэк1уэу программэм гулъытэшхуэ щыхуэщ1ащ жьэры1уатэу е тхыгъэк1э хъыбар гуэрхэр къэ1уэтэжыным, сурэтхэм теухуа сочиненэ еджак1уэхэм ятхыным, езыхэм я нэгу щ1эк1а 1уэхугъуэ гуэрхэм тепсэлъыхьыжыным. Абыхэм хуегъэджэн ик1и апхуэдэ лэжьыгъэхэр егъэк1уэк1ын папщ1э, программэм класс къэс шхьэхуэу зэман пыухык1а хухех.

Художественнэ тхыгъэхэм я эмоционально-эстетическэ гъэсэныгъэмк1э мыхьэнэшхуэ и1эщ тхак1уэм и гъащ1эм е тхыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуа историческэ 1уэхугъуэхэм теухуауэ, е нэхъапэм яджа, щыгъуазэ зыхуэхъуа художесгвеннэ тхыгъэ гуэрхэр иджы яджым егъэпщэным теухуауэ, е сурэтхэм нэ1уасэ хуэщ1ыным, нэгъуэщ1хэми теухуауэ егъэджак1уэм иригъэк1уэк1 хэзыгъэгъуазэ е зэпкърызых лэжьыгъэм.

Художественнэ тхыгъэм къеджа нэужьк1э, ар зытепсэлъыхьыр ягурыгъэ1уэнымк1э щ1адзэ. Абык1э ирагъэк1уэк1 лэжьыгъэр и теплъэк1и и зэхэлъык1эк1и зэмыл1эужьыгъуэу щьтынк1э хъунущ, п с а л ъ э м п а п щ I э, апхуэдэхэщ: упщ1эхэм жэуап етын, планыншэу (план къамыгъэсэбэпу) къэ1уэтэжын, щ1агъуэ хамылъхьэу (езы текстым къи1уэтэжым и гъунэгъуу) е к1эщ1у къэ1уэтэжын. Темэ щхьэхуэхэм яхуэфэщэн цигатэхэр къыхэхын, пычыгъуэ щхьэхуэхэр зытепсэлъыхьыр нэхъыф1у къагуры1уэнымк1э нэхъ гу зылъытапхъэу хэтхэм къытегъэзэжурэ къеджэн.

Еджак1уэхэм ящ1э псалъэ бжыгъэхэм хэхъуэнымк1э хэк1ып1э инхэр къыдат художественнэ тхыгъэхэм я щапхъэ нэхъыф1хэм. Абы и лъэныкъуэк1э словарнэ лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ и1эщ. Литературнэ къеджэныгъэ урокым щадж тхыгъэм ущрохьэл1э зи мыхъэнэр еджак1уэхэм къагурымы1уэ е текстым къызэрыщыхьа елъытак!э зи мыхьэнэм щымыгъуазэ псалъэхэм.

**11-нэ классым адыгэ литературэр егъэджыным хухэхащ сыхьэт бж. - 68**

Тхьэмахуэм адыгэ литературэр щегъэджыным хухэхащ - 2

**Зэреджэ, зэрылажьэ тхылъыр:**

Адыгэ литературэ 11 – нэ кл. Т1ымыжь Хь.Т. Балэ Л.Ф..Налшык «Эльбрус»

2013гъ.

**11-нэ классым щ1эс еджак1уэхэм я ш1эныгъэмрэ я есэныгъэмрэ нэхъыщхьэу къыхуагъэувхэр**

**Е д ж а к 1 у э х э м я щ I э н х у е й щ :**

- Тхак1уэхэм я гъащ1эмрэ я литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа 1уэхугъуэ нэхъыщхьэхэр, абыхэм я творческэ зэф1эк1ым и лъэхъэнэхэр; -
- литературнэ тхыгъэ яджым къыхэщ (къыщыгъэлъэгъуа) зэманым и щытык1э, и къэхъукъащ1э нэхъыщхьэхэр;
- яджа художественнэ тхыгъэхэм я сюжетыр; я ухуэк1эр, образхэм я къызэгъэпэщык1эр;
- тхак1уэм (усак1уэм) и тхэк1эм (стилым) хэлъ щытык1э нэхъыщхьэр;
- художественнэ образым, литературнэ хьэл-щэным, литературэм и ф1агъымрэ и 1еягъымрэ, критическэ реализмэм, социалистическэ реализмэм, тхак1уэм и стилым теухуа гуры1уэгъуэхэр;
- литературэм и родхэмрэ и жанрхэмрэ, адыгэ усэм и гъэпсык1эр, ар нэхъ зэратх хабзэ щапхъэхэр;
- гук1э зрагъэщ1эн хуейуэ программэм къыщыгъэлъэгъуа художественнэ тхыгъэхэмрэ пычыгъуэхэмрэ.

**Е д ж а к 1 у э х э м я х у з э ф 1 э к 1 ы н х у е й щ :**

- тхак1уэм е усак1уэм и тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуа теплъэгъуэхэр, 1уэхугъуэ щхьэхуэхэр я нэгу къыщ1агъэувэжыныр;
- литературнэ тхыгъэм и идейно-художественнэ щытык1эр къэхутэнымк1э (къэгъэлъэгъуэнымк1э) изобразительно-выразительнэ 1эмалхэмрэ сюжетым, тхыгъэм и ухуэк1эм, хэт образхэм я къалэн нэхъыщхьэхэр гъэбелджылыныр;
- художественнэ тхыгъэр зыщыщ литературэ л1эужьыгъуэр къахутэныр (эпос, лирика, драмэ);
- тхыгъэм и къалэн нэхъыщхьэр гъэбелджылыныр;
- изобразительно-выразительнэ 1эмалхэм, сюжетым, тхыгъэм и ухуэк1эм, абы хэт образхэм ягъэзащ1э идейно-художественнэ къалэныр гъэбелджылыныр;
- художественнэ тхыгъэм хэт литературнэ л1ыхъужьыр сыт и лъэныкъуэк1и къэгъэлъэгъуэныр ик1и зы тхыгъэм хэт персонажыр е тхыгъэ зыбжанэм хэтхэр зэгъэпщэныр;
- усэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр (абы и размерыр, рифмэр, строфар, н.) къэхутэфыныр;

- тхыгъэ къызэджам хуа1а щытык1эр, ар къазэрыщыхъуар къемыхьэлъэк1ыу сыт щыгъуи къа1уэтэныр;
- художественнэ тхыгъэхэм гъэхуауэ, шэрыуэу къеджэныр;
- жьэры1уатэу ик1и тхыгъэк1и къа1уэтэнум и план зэхэлъхъэныр;
- тхыгъэ яджым ипкъ итк1э сочиненэ-рассужденэ проблемнэ щытык1э и1эу тхыныр;
- литературнэ ик1и публицистическэ темэхэм теухуа сочиненэ-рассужденэ къызэгъэпэщыныр;
- литературнэ темэ гуэрым теухуа доклад е реферат гъэхьэзырыныр;
- езыр-езыру къызэджа тхылъым е тхыгъэм, зэплъа кинофильмым, телевизионнэ къэтыныгъэм, спектаклым, сурэтым, музыкальнэ произведенэм теухуа рецензэ тхыныр.